Адыгэ щIыкIухэм - «Адыгэбзэ» тхылъ

2-нэ нап.

«IуэрыIуатэ - дыщэ пхъуантэ»

3-нэ нап.

Лъэхъэнэр зэхуащIыж

4-нэ нап.

Зы мащIэщ яхуримыкъужар

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№94 (24.844) ● 2025 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

Къэралымрэ республикэмрэ я щIыхьыр лъагэу яIэт

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Налшык къалэ щыIущIащ дзюдоист-спортсменхэмрэ тренерхэмрэ.

«УРЫСЕЙМ и спортсмен нэхъ лъэщ дыдэхэм - Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщхэм яхыхьащ Блий Iэюб. Венгрием иджыблагъэ щекIуэкIа чемпионатым домбеякъ медаль къыщихьащ абы килограмм 60 зи хьэлъагъхэм я деж. Урысейм и командэ къыхэхам, дуней псом ДзюдомкIэ и федерацэм и ныпым щIэту бэнам, и япэ текIуэныгъэщ ар. Iэюб и тренерхэр Гъэунэ Андзор, Волович Данил, Станев Евгений сымэщ.

Нобэ сэ сыIущIащ Iэюбрэ абы и тренер Гъэунэ Анзоррэ, ди лъахэгъу цIэрыIуэхэу Мудрэн Беслъэнрэ Тменов Тамерланрэ.

Ди спортсмен цIэрыIуэхэр, егъэлея хэмылъу, ди республикэм къанэ щымыIэу псоми щацIыху.

Ахэр псори спортсмен лъэщщ, Урысей спортым и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ екIуэхэр хуащI. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми и спорт гъащIэм къриубыдэу текIуэныгъэ гукъинэжхэр къыщахьащ Урысей, Европэ, дунейпсо чемпионатхэм, я зэфIэкIхэри къалъытащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэмкIэ.

Дытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортым зегъэужьыным ехьэлIа Iуэхугъуэхэм, къытщIэхъуэ спортсмен ныбжьыщIэхэр гъэсэнымкIэ тренерхэм я пщэрылъхэм.

Iэюбрэ республикэм дзюдомкIэ и командэмрэ я ехъулIэныгъэмкIэ сехъуэхъуащ, Урысеймрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я щIыхьыр яIэту лъагапIэщIэхэр къащтэну си гуапэщ», - дыкъыщоджэ КъБР-м и Iэтащхьэм и телеграм-каналым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ

Тырныауз къалэм щытыкIэр щызэтоувэж

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алийрэ шыщхьэуIум и 1-м зэIущIэри, Тырныауз къыщеха ятIэпсым кърикIуа щытыкIэр гъэзэкIуэжа зэрыхъунум тепсэлъыхьащ.

ТЫРНЫАУЗ къытепсыха къэхъукъащIэр гъэзэкIуэжынымкIэ Оперативнэ штабым икIэщIыпIэкIэ игъэзэщIапхъэхэм я гугъу ящIащ лIыщхьэхэм. ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр, къалэдэсхэр зыхуэныкъуэ гулъытэр, пIалъэкIэ ягъэIэпхъуахэм я Iуэху зыIутыр - ахэращ нэхъыбэу зытепсэлъыхьар. Иужьрейхэр зыхуей псомкIи къызэгъэпэщауэ хъыбар щыIэщ.

КъинэмыщIауэ, и гугъу ящIащ Тырныауз и Iэгъуэблагъэм хиубыдэ инфраструктурэм и лэжьэкIэр зэтеухуэжын зэрыхуейм. Республикэм и гъэтIылъыгъэ мылъкум къыхахри, къэхъукъащIэр гъэзэкIуэжыным ахъшэ хуаутIыпщащ, ар нэхъыбэ ящIынуи хьэзырщ.

ЯтIэпсыр къехын шынагъуэ иджыри щыIэщ. Коммунальнэ, гъуэгу къулыкъущIапIэхэр ятIэпсым зэщIищта щIыпIэхэр ягъэкъэбзэжыным хуэхьэзырщ.

КъыкIэлъыкIуэ махуэм, шыщхьэуIум и 2-м КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ Къэхъукъащ!эхэм хуэхьэзырыным, ахэр гъэзэкIуэжынымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр мафIэсым щыхъумэнымкIэ комиссэм и зэIущIэр. Абы къырихьэлIащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, УФ-м и МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Надёжин Михаил, Правительствэм хэтхэр, министрхэр, Iуащхьэмахуэ районым и щIыпIэ администрацэм и унафэщIхэр, Бгыщхьэ институтым и лIыкIуэхэр.

ЗэIущIэм нэхъыбэу къыщаIэтар Тырныауз къыщыхъуам епха Iуэхугъуэхэрщ. IэщIагъэлIхэм къыхагъэщащ Герхожан-Суу псыежэхыр иджыпстукIэ мардэм зэритыр, ауэ дунейм и щытыкIэм зихъуэжмэ, ятIэпсыр къежьэн шынагъуэ иджыри зэрыщыIэр.

Тырныауз Оперативнэ штаб щолажьэ, жэщ-махуэм и кIуэцIкIэ щIэуэ къэхъу псори щызэхуахьэсу. Къалэм ирахьэлIапхъэ лэжьыгъэхэр щIэгъэхуэбжьауэ йокIуэкI, цIыхухэр зыхуей хуагъазэ. Лъэмыж нэхъыщхьэм лъэсу ущызекIуэ хъуну унафэ къащтащ, ауэ щытыкIэм зихъуэжмэ, зэхуащIыжынущ. ЦIыхухэр пIалъэкIэ зыщIагъэтIысхьа унэхэм псырэ ерыскъырэ ирашалIэ. ИджыпстукIэ апхуэдэхэм цIыху 63-рэ щIэсщ, щытыкIэр нэхъыфI зэрыхъуу, я унэхэм ягъэкIуэжынущ. Iэмал щагъуэтым деж, гъуэгум щызэтрихьа ятIэ шыкъырхэр трагъэкъэбзыкIыж.

Хъыбар псоми щыгъуазэ хъуа нэужь, КIуэкIуэ Казбек унафэ пыухыкIахэр ищIащ. Нэхъыщхьэр - ятIэпсыр къэзыгъэувыIэфын Iэмэпсымэхэр зэгъэпэщыныршщ. Нэхъ пасэу Iэтащхьэм и унафэкIэ щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ а лэжьыгъэм иужь ихьащ, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр ильэсипщI зыбжанэкIэ къызэрагъэпэщыным хуэунэтIа хэкIыпIэхэр къагъуэтын папщIэ.

ЗэIущIэм и кIэухым КIуэкIуэ Казбек республикэм щыпсэухэми абы щыхьэщIэхэми фIыщIэ яхуищIащ щытыкIэ гугъум къыщагъэлъэгъуа бэшэчагъым щхьэкIэ.

ШыщхьэуIум и 4-м КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым Герхожан-Суу псыежэхыр мардэм зэритым теухуа хъыбар щызэбгритыкIащ, ауэ Тырныауз КъэхъукъащIэхэм щыхуэсакъыпхъэ щытыкIэм иджыри итщ. Ипэ махуэм бжьамийкIэ зекIуэ псыр яутIыпщащ, щIыпIэ-щIыпIэкIэ щрашалIэ къохъу. Гъуэгухэр ягъэкъэбзэж. «КъэхъукъащIэм кIэлъыплъыныр зи пщэ къыдэхуэ псори я IэнатIэм пэрытщ», - иритхащ Iэтащхьэм и напэкIуэцIым.

● **Хъыбар кIэщIхэр**

Хэхъуэр фIыщ

Дызэрыт илъэсым зэрыщIидзэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм я хэхъуэр процент 24,5-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Ар къэралым щынэхъ ин дыдэхэм щыщщ, щатхащ иджыблагъэ и телеграм-каналым КъБР-м и Iэтащхьэм и администрацэм.

2025 гъэм и япэ мазищым къриубыдэу УФ-м зы цIыхум хуэзэу ику иту хэхъуэу иIар процент 17,9-кIэ нэхъыбэ хъуащ, нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм елъытауэ. Ар къызыхэкIар улахуэхэм щIэх-щIэхыурэ зэрыхагъахъуэрщ, пенсэхэмрэ пособиехэмрэ индексацэ зэращIырщ, банкхэм щахъумэну цIыхухэм хуалъхьэ ахъшэр нэхъыбэ зэрыхъурщ.

ПсэупIэхэр ухуэнымкIэ бэлэрыгъыркъым

Кавказ Ищхъэрэм СтатистикэмкIэ и управленэм къызэритамкIэ, 2025 гъэм и щIышылэм - мэкъуауэгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэрым псэупIэу щатым и куэдагъыр метр зэбгъузэнатIэ мин 314,2-м нагъэсащ икIи нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхузэфIэкIам нэхърэ ар проценти 10,4-кIэ нэхъыбэщ.

ПСОРИ къэбгъэлъагъуэмэ, дызэрыт илъэсым и япэ мазихым республикэм и ухуэныгъэ, уней IуэхущIапIэхэм зэхэту фэтэр мини 2,7-м нэблагъэ яухуащ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIауэ щытащ, «ПсэупIэ» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ, 2025 гъэм и кIэм нэсыху унэу псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ мин 570-м щIигъу ятын мурад зэрыщыIэр. 2030 гъэм ирихьэлIэу а бжыгъэр метр зэбгъузэнатIэ мин 761-м нагъэсынущ.

ЩIэблэм яхуэгъэпсауэ

Шэджэм щIыналъэм хыхьэ Щхьэлыкъуэ къуажэм спорт ухуэныгъитIым лэжьэн щыщIадзэнущ 2025 гъэм и фокIадэм. Ахэр иджырей спорт комплексымрэ зэуэ цIыху 500-м хуэдизым зыщагъасэ хъууэ, футбол, волейбол, баскетбол щыджэгу губгъуэхэмрэщ.

Спорт комплексым псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэ 1200-м щIигъу еубыд. Мыбы хэтщ гимнастикэм, боксым, дзюдом щыхуагъасэ пэшхэр. Абыхэм щхьэкIи сыт и лъэныкъуэкIи къызэгъэпэщащ. Апхуэдэуи абы хэтщ медицинэм и лэжьакIуэм, тренерхэм я пэш зэпэщхэр, зытIэщIыпIэхэр, зыгъэпскIыпIэхэр.

ЩIэблэр узыншэу псэуным, я Iэпкълъэпкъыр псыхьыным, физкультурэмрэ спортымрэ дегъэхьэхыным и шэсыпIэщ Щхьэлыкъуэм и иджырей спорт ухуэныгъэхэр, щыжаIащ щIыпIэ администрацэм.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЩIэпхъаджагъэр къызэпауд

Урысей Федерацэм Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынымкIэ и къулыкъущIапIэм Урысей Федерацэм Къэрал кIуэцI органхэмкIэ и министерствэр, Урысей Федерацэм СледствиемкIэ комитетымрэ Урысей гвардиемрэ щIыгъуу къызэпаудащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм теракт зэрыщагъэхьэзырыр.

КъБР-м и Бахъсэн щIыналъэм хыхьэ Ислъэмей къуажэм хэщIапIэ щэхум щыIэу къыщахутащ Урысей Федерацэм хабзэм къемызэгъыу къыщалъыта дунейпсо террорист зэгухьэныгъэм хэтхэу Урысейм щыщ цIыхуищ, республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэм ятеуэну зи мурадахэр.

БзаджащIэхэр яубыдыну щыхуежьэм, IэщэкIэ къапэуващ икIи абыхэм зыщахъумэу яукIащ. Хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэм хэщIыныгъэ яIэкъым.

IэщэкIэ щызэпэщIэува щIыпIэм Калашниковым и автомату тIу, ПМ кIэрахъуэ, абыхэм я шэ куэд, гранатэм къытращIыкIа къагъауэ IэрыщI Iэщэу тIу, апхуэдэу зэрызэпсалъэ, зэрызэхуэтхэ Iэмэпсымэхэр къыщагъуэтащ. Абыхэм итт хамэ къэрал щыщ террористхэм зэрапыщIар, унафэ къызэрыхуащIыр, ялэжьын хуейщIэпхъаджагъэхэм я гугъу зэращIыр къызыхэщ тхыгъэхэр.

СледствиемкIэ органхэм Уголовнэ кодексым и 30-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм, 205-нэ статьям и 2-нэ Iыхьэм (гупым террорист актым зэрызыхуагъэхьэзырыр), 205.5-нэ статьям и 1-нэ, 2-нэ Iыхьэхэм (террорист зэгухьэныгъэ къызэгъэпэщынымрэ абы и лэжьыгъэм хэтынымрэ), 317-нэ статьям (хабзэхъумэ органхэм я лэжьакIуэхэр яукIын мурадкIэ абыхэм ятеуэныр), 222-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а» пунктым (гупыр нэхъ пасэу зэгурыIуэу хабзэншагъэкIэ Iэщэ къэщэхуныр, хъумэныр, зехьэныр), 222.1-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм и «а» пунктым (гупыр нэхъ пасэу зэгурыIуэу къагъауэ пкъыгъуэхэр е къагъауэ Iэмэпсымэхэр хабзэншагъэкIэ къэщэхуныр, зэIэпыхыныр, щэныр, хъумэныр, къешэкIыныр е зехьэныр), 223.1 статьям и 2-нэ Iыхьэм (гупыр нэхъ пасэу зэгурыIуэу хабзэр къызэпауду Iэщэм зэзыхъуэкI пкъыгъуэхэр пкъралъхьэныр, ар зэрагъэпэщыжыныр) япкъ иткIэ уголовнэ Iуэхухэр къаIэтащ.

Ди къуэш республикэхэм

Лъэныкъуэ куэд къызэщIаубыдэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. **Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимиррэ КъШР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рашидрэ Москва щызэIущIащ. Ахэр тепсэлъыхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэм. Щхьэхуэу къытеувыIащ егъэджэныгъэ IуэхущIапIэхэм, псом хуэмыдэу школхэмрэ сабий садхэмрэ. Республикэм и Iэтащхьэр къытеувыIащ Архъыз курортым зэрызиужьым.**

- УЭ къызэрыддэпIыгъым, Правительствэм дызэрыдэлажьэм я фIыгъэкIэ иужьрей илъэситхум социальнэ ухуэныгъэ 803-рэ зэфIэдгъэкIащ, абыхэм дэ тедгъэкIуэдащ сом меллард 45-рэ. ЖысIэнщи, гъуэгуу километри 190-рэ, школу 64-рэ, щэнхабзэ IуэхущIапIэу 56-рэ, узыншагъэр хъумэным ехьэлIауэ 52-рэ зыхуей хуэдгъэзащ, - къыхигъэщащ Темрезовым.

Адыгэ джэгурэ концерткIэ зэрогъэгушхуэ

АДЫГЕЙ. **ШыщхьэуIум и 1-м ягъэлъэпIащ Хэкум къэзыгъэзэжахэм я махуэр. Абы тещIыхьауэ Мейкъуапэ Зэкъуэтыныгъэмрэ ЗэгурыIуэныгъэмрэ и утыкум щекIуэкIащ концерт, гъэлъэгъуэныгъэхэр, адыгэ джэгу.**

1998 гъэм шыщхьэуIум и 1-м я хэкум къагъэзэжащ Косовэ щыIэхэм ящыщ гупым. Иджыпсту республикэм щопсэу Тыркум, Сирием, Иорданием, Израилым, нэгъуэщI къэралхэм къикIыжахэр.

Сабийхэм йогуапэ

АБХЪАЗ. **Республикэм туризмэмкIэ и министр Логуа Астамур «Айтар» хьэщIэщым щахуэзащ Белгород областым къикIа сабийхэмрэ унагъуэхэмрэ.**

А МАХУЭ дыдэм министерствэм и лэжьакIуэхэм гукъинэж ящыхъуну фэеплъ саугъэтхэр иратащ «Пицундэ» зыгъэпсэхупIэм къэрагъэблэгъа, Курск областым къикIа сабийхэм. ХьэщIэхэр республикэм щыIащ бадзэуэгъуэм и 15 - 29-хэм къриубыдэу, щэнхабзэ-узыншагъэр егъэфIэкIуэн программэм ипкъ иткIэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэрал гулъытэ щыщIэркъым

● Егъэджэныгъэ

ЩIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ зегъэужьыныр, ди хэку иным а IэнатIэхэм щыпэрытхэм, школакIуэхэмрэ студентхэмрэ я Iуэхур нэхъри егъэфIэкIуэныр, къэрал гулъытэ егъэгъуэтыныр Урысей Федерацэм и унафэщIхэм, абы хыхьэ щIыналъэхэм я пашэхэм зыхуагъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

ИПЭЖЫПIЭКIЭ, а IэнатIэхэращ увыр къэралпсо зыужьыныгъэм и джэлэсу, сыту жыпIэмэ щIэныгъэ куумрэ цIыху зэчиймрэщ дэтхэнэ къэралри къарууфIэ зыщIыр. Ахэращ ди къэралым егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ щызыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэмкIэ дунейпсо пщIэрэ щIыхьрэ къахуэзыхьари.

А псори фIыуэ къагурыIуэу икIи къалъытэу, ди республикэм и унафэщIхэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ гулъытэ хэха хуащI. Абы и щыхьэтщ 2025 - 2026 гъэ еджэгъуэщIэм ирихьэлIэу ди республикэм щIэуэ къыщызэIуахыну еджапIэхэмрэ гъэсапIэхэмрэ. Абыхэм яхохьэ псори зэхэту ныбжьыщIэ 2300-рэ зыщIэхуэну курыт школищу ди щIыналъэм и щыхьэр Налшык къыщызэIуахынухэр. ЕджапIэщIэхэм лэжьэн зэрыщIадзэнум щогуфIыкI Шэджэм, Тэрч къалэхэм щыпсэухэри. А щIыпIэхэм къыщызэIуахынущ дэтхэнэми ныбжьыщIэ 800 зэкIуэлIэну школыщIэхэр. Адэ-анэхэми ныбжьыщIэхэми дэрэжэгъуэрэ гукъыдэжрэ къезытхэм ящыщщ еджакIуэ 400 зыщIэхуэну Нарткъалэ лэжьэн щыщIэзыдзэну школыщIэр, Красносельское, Прималкинское жылэхэм дэтхэнэми хуэзэу сабий 500 щеджэфыну IуэхущIапIэщIэхэр, Александровскэ къуажэм дэс ныбжьыщIэхэм хуаухуа школыщIэр.

ФокIадэ мазэм къриубыдэу ятыну я мурад школыщIэхэр яухуащ «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ. Абыхэм хэтщ предмет хэхахэмкIэ пэш щхьэхуэхэр, класс IэхуитлъэхуитхэР, гуфIэгъуэхэр щегъэкIуэкIыным хуэщIа, спортымкIэ пэшышхуэр, шхапIэрэ пщэфIапIэ зэпэщрэ. ЕджапIэ пэшхэр мы зэманым къызыхуэтыншэу къызэрагъэпэщ унэлъащIэ екIуэхэмкIэ, иджырей мардэхэм хуэкIуэ техникэ пэрытхэмкIэ. Гъэ еджэгъуэщIэм хуагъэхьэзыр школыщIэхэм и пщIантIэхэри абыхэм хиубыдэу ящIа спорт утыкушхуэхэри.

А еджапIэщIэхэм ящIыгъуу зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэр щызэфIахащ курыт школ 11-м. Абыхэм лъабжьэ яхуэхъуащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектхэр.

Къыхэдгъэщынщи, республикэм и унафэщIхэм нэхъапэм зэрытраухуамкIэ, 2025 гъэм ирихьэлIэу КъБР-м и курыт школхэр пщэдджыжьакIуэ защIэ хъунущ. А псори икъукIэ яхуэщхьэпэнущ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэм ди щIыналъэм нэхъри зыщиужьыным. ЕгъэджакIуэхэми абыхэм я нэIэм щIэт школакIуэхэми ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрагъэхьэнымкIэ сэбэпышхуэщ апхуэдэ Iэмалхэмрэ Iуэху зехьэкIэщIэ мардэхэмрэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Еджэным щыпэрытахэщ

КIуэкIуэ Валерэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал Мэкъумэш университетыр (КъБКъАУ) фIы дыдэу къэзыухахэм я диплом плъыжьхэр гуфIэгъуэ щытыкIэм иту щратыжащ ЩIалэгъуалэм я унэу Налшык дэтым.

ЕДЖАПIЭМ унэтIыныгъэу 52-рэ иIэщ, абыхэм ящыщщ бакалаврхэр, магистрхэр, IэщIагъэлIхэр, аспиранткхэр щагъэхьэзырхэр, курыт щIэныгъэрэ IэщIагъэрэ щрагъэгъуэтхэр, нэгъуэщIхэри. КъБКъАУ-м щолажьэ зи лэжьыгъэм хуэIэижь щIэныгъэлIхэмрэ IэщIагъэлIхэмрэ, профессорхэр, студентым къыхиха унэтIыныгъэм ехьэлIа псори фIы дыдэу зэрырагъэщIэным яужь иту. Университетым иIэщ мэкъумэш, волонтер студент гупхэр, щIалэгъуалэ политикэр зыхуей хуэзэу щыпхокI. ЕджапIэм и гъэсэнхэр республикэми нэгъуэщI щIыпIэхэми щекIуэкI зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтщ икIи щытокIуэ. Министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я къэрал къулыкъущIэхэр, щIэныгъэлI цIэрыIуэхэр къызыщIэкIа университетым и лэжьакIуэхэр ирогушхуэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ и цIэр IуэхущIапIэм зэрызэрихьэм.

● Пшыхьхэр

КъБКъАУ-м «тху» защIэкIэ щеджахэм я диплом плъыжьхэр щратыж зэIущIэ гуапэм зыкърагъэхьэлIат КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и унафэщI Къуэдзокъуэ Мухьэмэд, Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ Къуныжь МуIэед, Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м экономикэ, икIи жылагъуэ шынагъуэншагъэмкIэ и секретарь Тату Казбек, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ Жанатаев Сэлим, Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм и зыужьыныгъэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Текуев IэмырбиЙ, КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министр Сыжажэ Хьэсэн сымэ, нэгъуэщIхэри.

Япэу утыкур хуит хуащIащ университетым и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Щхьэгъэпсо Заурбийрэ Къуэдзокъуэ Мухьэмэдрэ. Абыхэм дипломхэр иратыжащ еджапIэм и аспирантурэр къэзыуха цIыху 17-м. Мухьэмэд гуапэу ехъуэхъуащ щIэныгъэ куу зэзыгъэгъуэтахэм, Щхьэгъэпсор вузым и ехъулIэныгъэхэм кIэщIу тепсэлъыхьащ.

Дэтхэнэ факультетми я еджэныгъэкIэ къыщыхэжаныкIахэр, зыр адрейм кIэлъыкIуэу, утыкум кърашэурэ я ехъулIэныгъэм и щыхьэт тхылъхэр IэщIалъхьэжащ. Удз гъэгъахэмрэ гушхуэныгъэмрэ щыпэкIу шыхьыр ягъэдэхащ ди республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэ гупхэмрэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

Тау Пщыкъан Къес и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хэщIыныгъэшхуэ игъуэтащ – 2025 гъэм шыщхьэуIум и 3-м и ныбжьыр илъэс 89-м иту дунейм ехыжащ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, РАЕН-м и академик Тау Пщыкъан Къес и къуэр.

Пщыкъан 1937 гъэм накъыгъэм и 14-м Кэнжэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт школыр къиуха нэужь ар щIэтIысхьащ Москва дэт, Тимирязев К. А. и цIэр зезыхьэ мэкъумэш хозяйствэмкIэ академием. Ар абы щеджащ Лениным и цIэкIэ ягъэува стипендиер къихьу.

1961 гъэм и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва къэрал университетым и аспирантурэм, и диссертацэри а еджапIэм щыпхигъэкIри, экономикэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат хъуащ. ИужькIэ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор лэжьыгъэри ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIауэ щытащ.

Тау Пщыкъан Къес и къуэм и лэжьыгъэ гъуэгуанэр экономисту щыщIидзащ «Налшык» совхозым. ИужькIэ ар щытащ совхозхэм я республикэ управленэм и экономист нэхъыжьу, щIыналъэм мэкъумэшхэкIхэр къыщIэгъэкIыныммрэ гъэхьэзырыныммкIэ и министерствэм и планово-экономикэ къудамэм и унафэщIу.

1965 гъэм Пщыкъан Москва щылэжьэну ирагъэблэгъащ икIи 1972 гъэ пщIондэ СССР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм экономист нэхъыщхьэу щыIащ, иужькIэ Къэрал планымкIэ комитетым и деж щыIэ, ЭкономикэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институт нэхъыщхьэм и секторым и унафэщIу щытащ.

Тау Пщыкъан Къес и къуэр 1973 – 1986 гъэхэм лэжьащ КъБАССР-м къэрал планымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэу, партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и къудамэм и унафэщIу; 1981 – 1986 гъэхэм – Къэрал планымкIэ комитетым и унафэщIу – КъБАССР-м и Министрхэм я Советым и тхьэмадэм и къуэдзэу. Тау Пщыкъан тхуэнейрэ хахащ республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Парламентым я депутату.

1986 гъэм ар профсоюзхэм я щIыналъэ советым и унафэщIу ягъэуващ икIи илъэс 30-кIэ а къулыкъум пэрытащ. Таум и фIыщIэшхуэ хэлъщ 90 гъэ гугъухэм УФ-м и Профсоюзхэм я федерацэм и мылъкуу щытам и процент 75-р Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрыхуагъэнэжам. Апхуэдэу республикэм къратыжащ санаторэхэр, турбазэхэр, альплагерхэр, Профсоюзхэм щэнхабзэмкIэ я унэр, «Спартак» стадионыр, районхэм щыIэ спорт ухуэныгъэхэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и япэ унафэщIу щытащ Пщыкъан. А къулыкъум щыпэрытам абы и гуащIэшхуэ ирихьэлIащ жылагъуэм, къэрал къулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэм я еплъыкIэр хуиту къыщагъэлъагъуэ утыкуу а IэнатIэр щытынымкIэ.

Тау Пщыкъан Къес и къуэр 2014 гъэм ХьэрычэтыщIэхэм и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ уполномоченнэу ягъэуващ, 2016 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж щыIэ эксперт-аналитикэ советым и унафэщI къулыкъур къыхуагъэфэщащ. Ар хэтащ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм и экономикэр егъэфIэкIуэным теухуауэ пIалъэ кIыхьым тещIыхьауэ зэхалъхьа программэхэр зыубзыхуахэм. Абы къыдигъэкIащ республикэм и экономикэ теухуауэ тхылъ, щIэныгъэ лэжьыгъэ щэ бжыгъэхэр.

Пщыкъан гурэ псэкIэ фIыуэ илъагъурт и республикэр. Къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэу щыткIэрэ, абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ республикэм и политикэ IэнатIэм, щIыналъэм и экономикэ, щIэныгъэ зэфIэкIыр егъэфIэкIуэным.

Тау Пщыкъан и гуащIэм къэралым хуэфэщэн гулъыти хуищIащ. Илъэс куэдкIэ лэжьыгъэ купщIафIэ зэрыригъэкIуэкIам къыпэкIуэу абы кърагащ къэрал дамыгъэ лъапIэхэр, абыхэм яхэтщ «ЩIыхьым и дамыгъэ», Зэныбжьэгъугъэ, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр, «ЩIыхь зиIэ и лэжьыгъэм папщIэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр.

ЩIэныгъэм хуищIа хэлъхьэныгъэхэм папщIэ абы къыфIащащ «Урысейм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ», «КъБР-м щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ» цIэ лъапIэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ щыпкъэхэм ящыщ зым, хэкупсэ нэсым, гулъытэ зиIэ ныбжьэгъу пэжым и фэеплъ нэхур ягу ихунукъым абы къыдэлэжьахэм, ар зыцIыхуу щытахэм.

КIуэкIуэ К.В., Егоровэ Т.Б., Мусуков А.ТI., Къуэдзокъуэ М.М., Алътуд Ю.Къ., Амщокъуэ Ф.Къ., Ахъуэхъу Т.Б., АфэщIыж Ю.С., Берд Хь.А., Быф А.Ж., Геккиев З.Д., Джэш В.М., Говоров С.А., Губин Г.С., Жанатаев С.А., Жаным Р.М., Зумакулов Б.М., Къанокъуэ А.Б., Къардэн М.Н., Къуэширокъуэ З.Къ., Къуныжь М.А., Мер Ю.Хь., Маслов Н.А., Сэхъурокъуэ Хь.Хь., Тату К.Б., Ульбашев М.М., Хьэщхъуэжь А.Б., Хъубий М.Б.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэмрэ КъБР-м и Парламентым и Аппаратым и лэжьакIуэхэмрэ КъБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и X, XI, XII, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и III зэхуэсыгъуэхэм я депутату щыта **Тау Пщыкъан Къес и къуэ**м и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ ар дунейм зэрехыжам къыхэкIыу.

Адыгэ цIыкIухэм - «Адыгэбзэ» тхылъ

«Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэм иригъэкIуэкIащ я гъэсэнхэм папщIэ къыдагъэкIа «Адыгэбзэ» тхылъым и лъэтеувэ пшыхь. Тхылъым фыхэзгъэгъуазэу къэзгъэлъэгъуэну сыхуейщ абы пэублэ хуащIа хъыбар цIыкIур, сабий гъэсапIэм и дунейр зэрытелъыджэр къэзыгъэлъагъуэр:

«IЭДЭМРЭ Данэрэ пщIантIэм джэгуу дэту, адыгэш къалъэгъуащ. Шым щыбгъэдыхьэкIэ, щIыпIэ телъыджэм къыщохутэ. А дакъикъэм къыщыщIедзэри, сабийхэм я дунейм зехъуэж.

- Дэнэ дыкъыщыхутар?

- Фымыгузавэ, фэ адыгэбзэ щыбзэрабзэ щIыпIэ фыщыIэщ. Мыбдеж адыгэбзэ щызыдогъащIэ. Макъхэр фIыуэ къыдопсэлъ, къеджэкIэ зыдогъасэ, - жиIащ шы цIыкIум.

- Сыту гъэщIэгъуэн! – пщащэр къэгуфIащ.

- ДызэрывгъэцIыху! Сэ си цIэр Шабзэщ. Мы къэралыгъуэм зэреджэр «Адыгэ цIыкIущ». Мыбы псори щызоцIыху.

- Сэ си цIэр Iэдэмщ. Си шыпхъу нэхъыщIэм Данэщ, - жи щIалэ цIыкIум. - Си гуапэщ!

- Фэ цIыкIухэм адыгэбзэр фIыуэ зэвгъэщIэну фыхуейщ. Пэжкъэ?

- НтIэ, дыхуейщ. Дадэрэ нанэрэ я деж дыкIуэжа нэужь, дгъэгуфIэнущ!

- Фыкъеблагъэ «Адыгэ цIыкIу» еджапIэм! Адыгэбзэм нэмыщI, дуней псом щыцIэрыIуэ адыгэ хабзэм щыгъуазэ фыхуэтщIынущ, - жи Шабзэ.

Абдежым ныбжьэгъу зэхуохъу адыгэшымрэ ныбжьыщIэхэмрэ».

Мы тхыгъэ цIыкIум хэтщ сабийм и гур къизыгъэгуфIыкIын, зыгъэгушхуэн, фIым къыхуезыджэн псори: адыгэбзэм и дунейр зэрытелъыджэр нэрылъагъущ, цIыкIухэм къайхъулIэхэм я дадэ-нанэхэр зэрыщыгуфIыкIыр щыжыIащ, адыгэм егъэлеяуэ пщIэ зыхуищI псэущхьэм - шым - цIыкIухэр ныбжьэгъу хуищIащ. АдэкIэ къэкIуэнущ макъхэм, хьэрфхэм, пычыгъуэхэм, псалъэхэм, тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэм я дунейри!

Сабийм къыгурыIуэн бзэкIэ гъэпсауэ, сурэт щхъуэкIэплъыкIэхэмкIэ къулейуэ зэхэгъэува хъуа тхылъым ит усэ цIыкIухэм, теплъэгъуэхэм, фIэхъус зэхыкIэхэм, хъуэхъухэм, рассказ кIэщIхэм къеджащ тхылъыр къызыхудагъэкIа адыгэ цIыкIухэр. Налшык Пушкиным и уэрамым тет къалэ библиотекэм къыщызэрагъэпэща лъэтеувэ пшыхьыр иригъэкIуэкIащ Къуэныкъуей Залинэ.

- Адыгагъэмрэ адыгэ нэмысымрэ Iыгъынырщ «Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэм и унафэщIри и егъэджакIуэхэри зытет хабзэ нэхъыщхьэр. Абы къызэщIеубыдэ пэжыгъэри, цIыхугъэри, анэдэлъхубзэм хуэщIыпхъэ пщIэри, нэгъуэщI куэди. Адыгэ цIыкIухэр ягъасэ адыгэбзэр ящIэу, хабзэмрэ щэнхабзэмрэ я гум илъу, - жиIащ абы Iуэхур къыщызэIуихым.

- Дэ тхылъ къыдэдгъэкIащ. Ар щхьэусыгъуэ дахэ тхуэхъуащ нобэ дызэIущIэну, абы дытепсэлъыхьыну, ди гъэсэнхэр утыку къитшэну. «Адыгэбзэ» тхылъымкIэ сабийхэр еджэнущ: хьэрфхэр зрагъэцIыхунущ, макъхэр фIыуэ къапсэлъу, пычыгъуэхэр зэпагъэувэфу, псалъэухахэр зэхагъэувэу, итIанэ тхыгъэ кIэщIхэми къеджэфу зрагъэсэнущ. Тхылъым и мыхьэнэр нэхъри щIагъэбыдэ ди егъэджакIуэхэр зэрыгумызагъэм, зэрынабдзэгубдзаплъэм, ялэжьым ягурэ я псэрэ зэрыхалъхьэм. Адыгэбзэм и макъхэр нэхъ къабзэу къэзыпсэлъхэри макъхэмрэ хьэрфхэмрэ яджын щIэзыдзахэри – псори адыгэбзэм и дуней телъыджэм хэдгъэгъуэзэну тфIэфIщ, - жиIащ «Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэм и гуащэ Къармэ Iэсият.

Анэдэлъхубзэр фIыуэ зылъагъу цIыкIухэр щагъэфIа пшыхьыр къызэIуахащ сабий нэхъыщIэхэм. Къэшэж ФатIимэ и гъэсэнхэр утыкум кърищащ псынщIэрыпсалъэхэмкIэ зэпригъауэу, усэкIэ зэпэджэжу, псалъэ шэрыуэхэр жаIэу. Къумахуэ Маринэ игъасэхэм лъэщу зыкъыщагъэлъэгъуащ адыгэ джэгукIэхэм. «Адыгэ цIыкIум» и егъэджакIуэхэу Тэтэр Iэминэрэ Щомахуэ Алёнэрэ ирагъаджэ сабий нэхъыжьхэм я зэфIэкI къыщагъэлъэгъуащ усэ къеджэнми, щIыуэпсым тепсэлъыхьынми, «Адыгэбзэ» тхылъым ит пычыгъуэхэр зэпадзыжынми. «IэпэIэсэм» хуезыгъаджэ Щоджэн Дианэ игъасэ пщащэ цIыкIухэм адыгэ тхыпхъэхэр хадыкIащ. ЦIыкIухэр шыкIэпшынэ еуэу зыгъасэ ХьэхъупащIэ Астемыр и еджакIуэхэу Къармэхэ Камилэрэ Iэдэмрэ и гъусэу пшыхьыр ягъэдэхащ.

Сабий гъэсапIэм и лэжьыгъэр игу зэрыдыхьэм тепсэлъыхьащ, абы зи бын зышэ адэ-анэхэм фIыщIэ яхуищIащ, «Адыгэ цIыкIум» и гъэсэнхэр къыдэкIуэтеймэ, лъэпкъым къуэувэну зэрыщыгугъым тепсэлъыхьащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий:

- Курыт еджапIэхэм адыгэбзэмкIэ дерсхэр нэсу къызэгъэпэща щыхъуу схужыIэнукъым мы зэманым. Абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэу солъагъу сабийхэм я нэхъыжь зыкъомым бзэм пщIэ зэрыхуамыщIыр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, адэ-анэ куэд еджапIэ унафэщIхэм зыхуагъазэ «дэ адыгэбзэ дыхуейкъым, адыгэбзэ гупым дыхэвудыж» жаIэу. Апхуэдэ щытыкIэ гурымыхьым еплъытмэ, «Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэм щытлъагъур ди гур фIы тхуэзыщI защIэщ. Нобэ мы библиотекэм къекIуэлIа адэ-анэхэм фIыщIэшхуэ фхузощI щапхъэу вгъэлъагъуэм, фи бынхэм лъэпкъ гупсысэ зэрахэфлъхьэм, анэдэлъхубзэр зэраIурыфлъхьэм, хабзэм тету ахэр зэрывгъасэм папщIэ.

Къармэ Iэсият и IуэхущIапIэм кIуэ цIыкIухэм адыгэбзэм и закъуэкъым зрагъащIэр, атIэ ахэр дихьэх мэхъу лъэпкъ хабзэми, щэнхабзэми, нэмысми, адыгэ дуней тетыкIэми.

Нобэ утыкум къихьэу зыкъэзыгъэлъэгъуа сабийхэм гъуэгу дахэ Тхьэм къарит, ди лъэпкъыр зыгъэбжьыфIэн, щIэныгъэкIэ куэдым къахэщын, дэнэ щIыпIэ къыщымыхутэми лъэпкъ щIыхьыр зыхъумэн ищIхэ!

Сэ сыщогугъ зэгуэр мыпхуэдэ зэман къэхъуну: ди анэдэлъхубзэр зымыщIэм къулыкъу кърамыту хъуну, уи бзэм урипсэлъэныр IэнатIэм теухуауэ фIэкIыпIэ зимыIэ хабзэу ягъэувыну. Ди бзэр тхъумэжынырщ ди къалэн нэхъыщхьэри, ар нэгъуэщIхэр къакIуэу тхуащIэнукъым. Ди щхьэм пщIэ хуэдмыщIыжмэ, хэт пщIэ къытхуэзыщIынур?! Къэралым абы теухуауэ ищIапхъэр ищIащ. Конституцэм иужьрейуэ зэхьуэкIыныгъэ щрагъэгъуэтым и статья щхьэхуэхэм хатхэжащ лъэпкъыбзэхэр къэралым ихъумэным, иригъэфIэкIуэным гъуэгу езыт Iуэхугъуэхэр. Ди зэманым хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэми ядж адыгэбзэр. АбыкIэ гупыж зыщI куэд, псалъэм папщIэ, онлайну ирагъаджэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм хэтхэу Табыщ Муратрэ Щоджэн Iэминатрэ.

Артамонов Александр жери зы лIы Iущ щыIэщ. Ар топсэлъыхь «сетевая цивилизация» жиIэу иджы къэунэхуа интернет Iэмалымрэ езыр адыгэ лъэпкъым зэрыпыщIамрэ. Абы жеIэ: «Си анэшхуэр адыгэу щытащ. АтIэ «сетевая цивилизация» жиIэу къэунэхуам дэнэ щIыпIэ щыпсэухэри зэпещIэ, си анэшхуэр къызыхэкIа адыгэшэрджэс лъэпкъыр зэбгрыдзауэ дунейм тетщи, а IэмалымкIэ зэрыIыгъыну си фIэщ мэхъу».

Хэт дэнэ щымыIэми, адыгэр зи бзэрэ зи хабзэрэ зыхъумэн Тхьэм дищI! - жиIащ ДАХ-м и тхьэмадэм. Абы «Адыгэ цIыкIу» гъэсапIэм тыгъэ хуищIащ адыгэ таурыхъхэр щызэхуэхьэса тхылъыр.

ДАХ-м и ГъэзэщIакIуэ гупым хэт, Адыгэбзэ Хасэм и тхьэмадэ Табыщ Мурат тепсэлъыхьащ адыгэбзэм теухуа мыпхуэдэ IуэхуфIым и гур къызэрызэщIиIэтэм:

- УзыщыгуфIыкIыну, щхъуэкIэплъыкIэ дахэу дунейм къытехьащ «Адыгэбзэ» тхылъыр. Iэсият, Тхьэм мы лэжьыгъэм уи гуащIэу тебгъэкIуэдам хуэдиз фIыщIэ плъагъужу уигъэлажьэ, уи нэIэ щIэт мы цIыкIухэм я деж щыплъагъужын ищI уи лэжьыгъэм кърикIуэ фIыгъуэр.

Мыри жысIэнут! Адыгэбзэр езыр фащэщ. Ар махуэ къэс дгъэлъагъуэ теплъэ-щытыкIэу щытын хуейщи, адыгэбзэкIэ дыщыпсалъэм деж акъыл къэдгъэлъэгъуэфу, игъащIэ лъандэрэ ди адэжьхэм къадэгъуэгурыкIуа хабзэжьхэри къытхэщу, ди щэнхабзэри къыддалъагъуу лъэпкъыр дыщыIэну Тхьэм жиIэ! – ехъуэхъуащ Мурат «Адыгэ цIыкIум» и лэжьакIуэхэми сабийхэми.

- Я гуи я пси хыхьэу мы утыкум ита сабийхэм яIурылъу зэхэтха бзэ IэфIыр кIуэдыжынуи?! Хьэуэ, сэ къысщыхъуркъым ар кIуэдыжыну. Мы дунейм лъэпкъ тетхэщ Iэпхъуэшапхъуэу, хэхауэ зыщыпсэуну зы щIыпIэ щемытIысэхыу. Дэ ди щIыналъэ диIэжщ, ди лъэпкъыбзэ тIурылъщ, ди хабзэщи, сыткIи узыгъэгушхуэщ. Анэдэлъхубзэм и зы лъагъуэ дахэщ нобэ дызэхуэзышэсар. «Адыгэ цIыкIум» и гуащэ Iэсият, егъэджакIуэхэм сохъуэхъу я IэщIагъэм и хъер ялъагъуну, адыгэ сабийхэм – бзэм и IэфIыр гурэ псэкIэ зыхащIэну! – жиIащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и лэжьакIуэ, тхакIуэ Мэлей ФатIимэ.

- «Адыгэбзэ» тхылъым лъэпкъым фIы къыхудэкIуэну си гуапэш! Мы фэ фщIэмрэ влэжьымрэ щапхъэ дахэщ. Нобэ мы Iуэхум кърихьэлIа дэтхэнэми адыгэбзэр зэрихъумэнырщ игу илъыр. Сэри абыхэм сащыщщ. Адыгэбзэм и кууагъэр нэсу къэхута хъуакъым иджыри. Абы хэлъщ нэхъри къэхутэн хуей куэд. Iэсият, мыр уи япэ тхылъщи, куэд къыкIэлъыкIуэну Тхьэм жиIэ, - жиIащ медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор Умэт Мурат.

«Адыгэ цIыкIум» и егъэджакIуэхэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъащ Къумахуэ Маринэ.

- Зеикъуэ жылэм къыдэкIауэ гъащIэм сызыщрихьэлIэ, лэжьыгъэ IуэхукIэ цIыхугъэ схуэхъухэр егъэлеяуэ зэчиифIэу къыщIокI. Абы и щхьэусыгъуэри сщIэркъым. ЩIэныгъэкIи, цIыхугъэшхуэкIи, хабзэ-нэмыскIи арэзы укъащIу апхуэдэхэщ. Абыхэм ящыщщ Къармэ Iэсият. КъызыдэкIа жылэм хуэфащэ дыдэщ, - жиIащ абы икIи гупым къабгъэдэкI тыгъэ дахэри я унафэщIым иритащ.

АдыгэбзэмкIэ егъэджакIуэ, «Адыгэ цIыкIум» зи щIалэ цIыкIур зышэ БищIо Iэсият сабий гъэсапIэм ехъуэхъуащ нэхъри ехъулIэну, зыхуей хуэзэну, лэжьыгъэфI куэдым хунэсыну.

- Хуабжьу си гум дыхьащ тхылъыр. Мыр купщIафIэщ, щхъуэкIэплъыкIэщ, сабий гупсысэм зэригъэзэхуэф бзэ къабзэкIэ гъэпсащ. Зи быным адыгэбзэр езыгъэщIэну хущIэкъу дэтхэнэми игу дыхьэнущ мыр икIи шэч къытесхьэркъым куэдым къазэрыхуэсэбэпынум. Iэсият, уэ фIы дыдэу пхузэфIокI сабийр щIэныгъэм, псалъэм, бзэм и зэхэлъыкIэм дегъэхьэхынымкIэ Iэмал щIэщыгъуэхэр къэгупсысыныр, - жиIащ абы.

Пшыхьым кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIащ Къармэ Iэсият. ЖиIащ «Адыгэбзэ» тхылъыр зэпэщ хъуным куэдым я гуащIэ зэрыхэлъыр.

- Илъэсищым щIигъуауэ долажьэ «Адыгэ цIыкIур». Мы тхылъри и Iэужьщ а зэманым къриубыдэу дызыхуэкIуа гупсысэхэм. Ди IуэхущIапIэм и егъэджакIуэхэм я чэнджэщ, сабийхэм якIэлъыплъурэ гу зылъата куэд итщ тхылъым, адыгэбзэмкIэ щIэныгъэлIхэми я чэнджэщ дыхуэныкъуэу захуэдгъэзащ мыр щызэхэдгъэувэм. Къыхэзгъэщыну сыхуейщ Жанкъазий Аринэ мыбы лъигъэса гулъытэр, пщэрылъ щысщIа псоми арэзы сыкъуищIу зэрегугъуар, - жиIащ абы. Къыхигъэщащ тхылъым сурэтыщIу щы зэрелэжьар - Нэгъуей (Мэкъуауэ) Iэминэ, Вэрокъуэ Инал, Къармэ Лянэ сымэ.

Нэгъуей Iэминэ Къармэ Iэсият ехъуэхъуащ щIэныгъэрэ гу хуабагъэрэ зыхилъхьа тхылъыр махуэ хъуну, сабий, адэ-анэ куэд щыгуфIыкIыну.

- Сэ куэду си гуапэщ мыпхуэдэ Iуэху дахэм си Iыхьэ мащIэ зэрыхэслъхьэфар. Абы теухуауэ уи дзыхь къызэрызэбгъэзам папщIи фIыщIэ пхузощI, - жиIащ абы.

«Адыгэ цIыкIу» сабий гъэсапIэр ефIэкIуэну, «Адыгэбзэ» тхылъыр цIыкIу куэдым ныбжьэгъу яхуэхъуну, лъэпкъым щIэблэ дахэ къытщIэхъуэну дохъуахъуэ!

ГУГЪУЭТ Заремэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ*.

Гъэсыныпхъэр я лъапсэхэм хурашалIэ

Газыр здынэмыса унэхэм ар яхуешэлIэным ехьэлIауэ щыIэ программэр Къэбэрдей-Балъкъэрым щолажьэ 2021 гъэм щегъэжьауэ. Абы лъандэрэ унагъуэ 3900-м газыр я псэупIэхэм хурашэлIащ икIи абыхэм ящыщу унагъуэ 2800-м ар къагъэсэбэп. Къыхэгъэщыпхъэщ мы программэр гъэзэщIэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр къэралым щыпэрыт щIыналъэхэм зэращыщыр.

ГАЗЫР здынэмыса унэхэм ар хурашэлIэн папщIэ къэралым и щIыналъэ 55-м сом зы мелард хуаутIыпщынущ. Льготэ зиIэхэм программэм хиубыдэу субсидиеу сом мини 100 зырыз иратынущ, газым пыщIа IэмэпсымэхэркъэрэщIэхуну, бжьамийхэм ирыпадзэну, н.къ. папщIэ.

Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ зратынухэм хеубыдэ унагъуэ быныфIэхэр, хуэмыщIауэ псэухэр, дзэ Iуэху хэхам хэтхэр, СВО-м и ветеранхэр, абыхэм я унагъуэхэр, ныкъуэдыкъуагъэкIэ 1-нэ гупым хыхьэхэр, сабий ныкъуэдыкъуэхэр зезыхьэхэр, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, газыр здынэмыса псэупIэхэм ар яхуешэлIэным ехьэлIауэ щыIэ программэм ипкъ иткIэ льготэ зиIэхэм газ оборудованэхэр къызэращэхуамрэ я псэупIэхэм газыр ешэлIэным трагъэкIуэдамрэ субсидиеу иратыж 2023 гъэм къыщыщIэдзауэ. Абы нэмыщI, программэм цIыхухэм Iэмал ярет а гъэсыныпхъэмкIэ къызэгъэпэща къуажэхэм е дачэ щIыпIэхэм щIэуэ щаухуа унэхэм я бжэIупэхэм нэс ар пщIэншэу хуашэну.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

ЗыхуэныкъуэхэмкIэ къызэрагъэпэщ

КъБР-м щыIэ МВД-м Iуэху гуапэ щекIуэкIащ. Урысей МВД-м материально-техническэ, хозяйственнэ IуэхухэмкIэ и IэнатIэхэр къыщызэрагъэпэща махуэм и щIыхькIэ.

КЪЭРАЛ кIуэцI IуэхухэмкIэ министру КъБР-м щыIэ, полицэм и генерал-лейтенант Крючков Вячеслав къыбгъэдэкI фIэхъус тхылъхэр яритащ КъБР-м щыIэ МВД-м и тылым и унафэщIым и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и полковник Ишков Андрейрэ «КъБР-м щыIэ МВД-м IэнатIэр зыхуэныкъуэхэр къызэгъэпэщынымкIэ и центрым» и унафэщI, къэрал кIуэцI къулыкъум и подполковник Гъубжокъуэ Муратрэ. ЛэжьакIуэ пэрытхэм я махуэмкIэ ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэ, мамырыгъэ, гуапагъэ, зэIузэпэщыгъэ яIэну икIи я къулыкъур хьэлэлу зэрырахьэкIым папщIэ фIыщIэ яхуищIащ.

Хэхауэ фIыщIэ яхуищIащ ветеранхэм, емышу къазэрыдэIэпыкъум, лэжьакIуэщIэхэр гъэсэным зэрыхуэщхьэпэм папщIэ.

АдэкIэ Урысей МВД-м, КъБР-м щыIэ МВД-м я щIыхь тхылъхэр, министрым къыбгъэдэкI фIыщIэхэр иратащ республикэм щыIэ МВД-м и тыл IэнатIэхэм я лэжьакIуэ къыхэжаныкIахэм.

ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.

Дунейм щыхъыбархэр

МылъкукIэ зыщIагъакъуэ

Урысей Федерацэм и Правительствэм Курск областыр щытыкIэ гугъум къиишынымкIэ дэIэпыкъуу щIэх-щIэхыурэ мылъкукIэ зыщIегъакъуэ.

«КУРСК щIыналъэм иджыри сом мелард 40 хухэтхынущ. Къэралым и Президентым пщэрылъ къызэрытщищIам тету, а ахъшэм щыщ Iыхьэ яIэрыхьэнущ псэун папщIэ Iэмалыншэу зыхуэныкъуэ мылъкур зыфIэкIуэдахэм», - жиIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Урысейм и премьер-министрым къыхигъэщащ, къэрал Iэтащхьэм и унафэкIэ Курск областым, дзэ Iуэху хэхар щекIуэкI щIыпIэхэм пэгъунэгъу, къэралым и гъунапкъэм Iус щIыналъэхэм щыпсэу цIыхухэм ядэIэпыкъуным теухуауэ Iуэху пыхыкIахэр пIалъэ-пIалъэкIэрэ зэрагъэзащIэр.

«Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ зи псэупIэр зыфIэкIуэда цIыхухэм, ахэр щылажьэ IуэхущIапIэхэм дэIэпыкъуэгъу дахуэхъуфыным, апхуэдэуи абыхэм унэ яухуэу е къащэхуу зэрыхъукIэ нэхъ псынщIэу гъащIэ тэмэм яIэ хъужыным», - жиIащ Мишустин Михаил.

ЩIэупщIэ зиIэхэр

ЕджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIэтIысхьэ дэфтэрхэр ятащ абитуриент мелуан 1,3-м. КъызэрагъэлъагъуэмкIэ, щIэупщIэ нэхъыбэ зиIэ IэщIагъэитхум ящыщу 3-р инженер Iуэхухэм епхащ.

«УФ-М и Президент Путин Владимир нэхъапэкIэ къигъэлъэгъуауэ щытащ 2030 гъэм ирихьэлIэу Урысейм инженер IэщIагъэлIу мелуанитIым нэблагъэ щыгъэхьэзырын хуейуэ, къэкIуэнум къэралым и технологие пашэныгъэр къызэзыгъэпэщыну къызыпэщытыр ахэращ», - жиIащ Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Чернышенкэ Дмитрий.

УФ-м егъэджэныгъэмкIэ и министр Кравцов Сергей къызэригъэлъэгъуамкIэ, мы илъэсым егъэджакIуэ IэщIагъэр къыхэзыхахэм я бжыгъэм хъарзынэу хэхъуащ, зы тIысыпIэм цIыху 16 хуозэ.

«Абы къегъэлъагъуэ IэщIагъэм и пщIэм зэрыхэхъуэжыр. ЕгъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр еджапIэ нэхъыщхьэхэм лъэIу тхылъу 514 193-рэ щIалъхьащ. Шэч къытесхьэркъым а IэщIагъэр къыхэзыха нобэрей ныбжьыщIэхэм къэралым и егъэджэныгъэ IэнатIэм щыIэ хабзэфIхэм къызэрыпащэнум», - жиIащ абы.

Шыщхьэуlум и 5, *гъубж*

♦**Светофорым и дунейпсо махуэщ**

♦**2016 гъэм** Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) къыщызэIуахащ XXXI гъэмахуэ Олимп Джэгухэр. Ахэр шыщхьэуIум и 21 пщIондэ екIуэкIащ. Мудрэн Беслъэн дыщэ (дзюдо), Джэду Iэниуар дыжьын (бэнэкIэ хуит) медалхэр къыщахьат абы.

♦**1900 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Пащты Салимэ**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ мэкъумэш щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Хъаний Мирон**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и цIыхубэ артист **Алэкъей Мухьэмэд**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 31 - 32-рэ, жэщым градус 25 - 26-рэ щыхъунущ. ЩIым и малъхъэдис щытыкIэм балли 5-кIэ зихъуэжынущ.

Шыщхьэуlум и 6, *бэрэжьей*

♦**Ядернэ Iэщэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Хиросимэ и дунейпсо махуэщ**

♦«Дунейм и дохутырхэр мамырыгъэм и телъхьэщ» дунейпсо махуэщ

♦**1927 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Къасым Алий**.

♦**1934 гъэм** къалъхуащ Тыркум щыщ тхакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ **Челик Уэсмэн (Хьэкъуратэ)**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артисткэ, КъБР-м и цIыхубэ артисткэ **Хьэрэдурэ Динэ**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ опернэ уэрэджыIакIуэ, Адыгэ Республикэм и цIыхубэ артисткэ **Шэгъудж Маринэ**.

♦**1969 гъэм** къалъхуащ экономикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, ЩIДАА-м и академик **Пащты Лейлэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 32 - 33-рэ, жэщым градус 23 - 25-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Иззэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Къыхэзыдзэн уиIэмэ, къежьуун бгъуэтынщ.

Iуэрыlуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлIанэпэр зыгъэхьэзырар
ТАБЫЩ Муратщ

Сэтэней-Гуащэ дунейм зэрехыжар

(Нарт тхыдэжь)

Дунейр гъатхэт, зауэшхуи екIуэкIырт. Сосрыкъуэ зауэм щыIэт. Зы жэщ гуэрым Сэтэней-Гуащэ пщIыхьэпIэу илъэгъуащ тхьэрыкъуэ пщэхуитI я жыгым къытетIысхьауэ зафыщIыжу.

Сэтэней-Гуащэ къэушри жиIащ:

– Тхьэм гущIэгъу къыхуимыщIмэ, си щIалэ закъуэм зы бэлыхьыр къыщыщIащ.

Сэтэней-Гуащэ къыкIэлъыкIуэ жэщым аргуэру пщIыхьэпIэу илъэгъуащ хьэпшыр гъуабжитIым бжэ лъэмбыр къатIу.

Къэушри аргуэру и щхьэм хужиIэжащ:

– Тхьэм и ней къытщыхуа хъунщ, си щIалэ закъуэм зы мыгъуэр къыщыщIащ.

Сэтэней-Гуащэ ещанэ жэщым аргуэру пщIыхьэпIэу илъэгъуащ псыпцIэ къамылхэр къыдэжьыщIэу.

Сэтэней-Гуащэ къэушри къэтэджащ:

– Тхьэм и бэлыхьыр къыттехуащ, си щIалэ закъуэр сиIэжкъым, – жиIэри.

Сэтэней-Гуащэ зихуапэри ежьащ. Дригъэзейри, ипщэкIэ кIуащ – зыри игъуэтакъым. Иригъэзыхри, ищхъэрэкIэ ехащ – зыри игъуэтакъым. КIуэцIридзри, къухьэпIэмкIэ кIуащ – зыри илъэгъуакъым. Къигъэзэжри, къуэкIыпIэмкIэ иунэтIащ. Дыгъэр къыщыщIэкI дыдэм зы губгъуэшхуэ ихьэри Сосрыкъуэ и куэ сэмэгум бгъэдыхьащ.

- Сыжьыщхьэ мыгъуэжьти, мыр си щIалэ закъуэм и куэ сэмэгущ, – жиIэри адрей IэпкълъэпкъхэмI лъыхъуэу ежьащ. Мыгуву куэ ижьми IущIащ. ГуIэжу къищтэри, ари куэ сэмэгум бгъэдилъхьащ. ИтIанэ и IитIыр, и щхьэр, и пкъыр къигъуэтыжхэри къихьри зэрыщытам хуэдэу зэбгъэдилъхьэжащ.

- СымыгъэпскIыу дауэ щIэслъхьэжын, – жиIэри, псы лъыхъуэу щIидзащ, арщхьэкIэ дунейм хутехакъым псы.

ИтIанэ удз гъэгъахэм, тхьэмпэхэм ятелъ уэсэпсыр IэбжьыбкIэ зэхуихьэсурэ уэсэпс защIэкIэ Сосрыкъуэ и хьэдэр игъэпскIащ, и нэкIум фIэкIа къэмынэу. И нэкIур зэритхьэщIын уэсэпс игъуэтыжыркъым: дыгъэр гуащIэ къэхъури, псори ибзеижащ.

- Сымыгъуэжьт, сытыр си Iэмал? – жиIэри и къуэм тегъуалъхьэри, тепыхьэу щIидзащ, и нэпсхэмкIэ Сосрыкъуэ и напэр итхьэщIу. И нэхэр щыщIитхьэщIыкIым, Сосрыкъуэ и нитIыр къызэтрихащ. Сэтэней-Гуащэ гуфIэу и Iупэм ба щыхуищIым, Сосрыкъуэ и жьэр къызэтрихри къэбэуащ, абы хэту Сэтэней-Гуащэ и псэр и къуэм хыхьэри, езыр хьэдэу къытеукIуриикIыжащ.

Сосрыкъуэ къызэфIэувэжри, и анэр хьэдэу щилъагъум, игу хэщIу игъеижащ, къиIэтыжри, и IэплIэм илъу къихьыжащ. Лъэпщ жыр защIэу кхъэлэгъунэ иригъэщIри абы щIилъхьэжащ. АрщхьэкIэ, абыкIэ игу мызагъэу, езым и гур кърихри, кхъэлэгъунэм и щхьэм трилъхьащ. Дыгъэр зэрыкъуухьэу Сосрыкъуэ и гур мазэм хуэдэу блэрт, жыжьэу щытхэм къалъагъуу. Дыгъэр къызэрыщIэкIыу, фIамыщIым хуэдэу фIыцIэ хъужырт. Анэмрэ бынымрэ я лъагъуныгъэр зэрызэхуэмыдэр арщ жаIэ апхуэдэу щIэхъуар.

Сэтэней-Гуащэ и кхъащхьэр иджырей Зеикъуэ къуажэм удэкIыу мэкъупIэхэм ущихьэкIэ, Къэнжал гъунэгъу ущыхъум, щыIэщ.

Мэшыкъуэ щакIуэр

(Хъыбарыжь)

Иджы Псыхуабэ жыхуаIэр здэщысым и деж япэм Джатэжь Къардэн и къуажэрису щытащ. Къардэн и хъушэр Мэшыкъуэ и щыгу щхъуантIэм щыхъуакIуэрт. Арати, зы махуэ гуэрым Къардэн и хъушэр щыхъуакIуэ щIыпIэм дэкIауэ, къурш папцIэм и щыгум щIалэ цIыкIу и Iэ цIыкIухэмкIэ дыгъэм зыхуишийуэ, къыпыгуфIыкIыу телъу IущIащ. Сабийр дыгъэм хуэдэу блэрт.

Къардэн сабий нащхъуэ нэкIуплъ цIыкIум бгъэдыхьэри, къищтэну зригъэзыхащ, ауэ сабий щылъым зэреIусэу, и Iэри, и пащIитIри, и пыIэри къилыгъуащ. Сабий цIыкIум и пкъыр жэз гъэткIуауэ къыщIэкIащ. КъызэрыщIэкIамкIэ, ар фызым къилъхуатэкъым, атIэ къэзылъхуар Дыгъэмрэ Щыблэмрэт.

Къардэн шынэ зымыщIэ лIыхъужь къимыкIуэтыжт. Къызэрисым хуэдэурэ, и щIакIуэр трипхъуэри, абы кIуэцIылъу сабий дахащэр къищтащ.

ЦIыхуIэм сабийр щIы къызыхэкIам къытрича иужькIэ, укъэзыс и пщтырагъыр фIэкIуэдащ. А пщтырагъ лъэщыр щIым хыхьэри, щIым псы къэкъуалъэр къыщIихуащ. Джатэжьым къуршыщхьэм къыщигъуэта сабийм Мэшыкъуэ цIэуэ фIищащ.

Къардэн и унагъуэм Мэшыкъуэр къану къыщыхъуащ. Абы и ныбжьыр илъэс пщыкIутIым нэса нэужь, къаруушхуэ зыхэлъ щакIуэ бэлыхь къыхэкIащ.

Мэшыкъуэ Iуащхьэм тет мэз Iувымрэ къуалэджэхэмрэ пэрыхьэту щIэт хьэкIэкхъуэкIэхэм я пащтыхьу зыкъыщыхъужырт. Абы и Iэ лъэщхэр зэуам фIагъэкIыртэкъым. И нэ жанхэр зытеплъар IэщIэкIыртэкъым. Дыгъэмрэ щIымрэ я къуэ Мэшыкъуэ и Iуэху къемыхъулIэу зэи къигъэзэжыртэкъым. Мэз узыпхымыкIыфхэм сыт щыгъуи хьэкIэкхъуэкIэхэм ялхэмрэ я фэхэмрэ куэду абы къратырт. Къурш хьэдзэ гъуабжэжьхэм я бжэ щэхухэр сыт щыгъуи хузэIуахырти, дыщэхэмрэ налкъутналмэсхэмрэ къратырт.

А псори Мэшыкъуэ жылэм къихьырт икIи зы махуэм нэхърэ къыкIэлъыкIуэ махуэм нэхъ къулей хъурт Джатэжьым и жылэр. Джатэжьхэ я лъэпкъри, кхъуэпIащэм хуэдэу, пшэр, шыдым хуэдэу, щхьэхынэ, хьэIуцыдзым хуэдэу, нэпсей хъуащ.

Зы махуэ гуэрым Мэшыкъуэ и шабзэм къыдэлъэта шабзэшэр фиижу жыг зэхуакухэмкIэ щыдэкIым, мыдэкIэ жылэм къуэш зэрыукIыр къахыхьащ. Нэпсеягъэм къызэщIигъэнауэ, губжьым я тэмакъыр щиубыдыкIауэ, бауэкIэщI хъуахэу зэкъуэшхэм дыщэхэр, налкъутналмэсхэр, къуентхъхэр ягуэшыжырт. Псори ягуэшыжырт, уеблэмэ, Дыгъэм и къуэ Мэшыкъуэ и гуащIагъым къыщIихуа псы пщтыр къыщIэжыпIэ нэгъунэ ягуэшыжхэрт. Мэшыкъуэр Iуащхьэм къехыжу къигъэзэжа нэужь, езым къулей ищIа и Iыхьлы пэлъытэхэм Iупсыр къаIурыпхъэпхъыу, я IуфакIэхэм тхъурымбэр IуищIэжауэ зэрыгъэкIийхэрт:

– Мыри сысейщ! УкъемыкIуалIэ!..

Мэшыкъуэ губжьым къызэщIигъанэри, нэпсеягъэм зи нэр къыщхьэрипхъуа зэкъуэшхэм ящIэкIиящ:

– ЩIым и тыгъэ гуапэхэр нэпсейм яйкъым! ЩIым и тыгъэхэр мылъкум хуэнэпсейхэркъым зейр! Псы хущхъуэ телъыджэхэр фэ фи хьэ Iупс фIейхэмкIэ фуцIэпIынущ. ЩIымрэ абы и тыгъэ фIыгъуэхэмрэ зыуцIэпI фэ фIейхэм сыфхэтыжынукъым! – зыкъигъазэри къызэмыплъэкIыу мэз Iувхэр зытет къуршыжьым ихьэжащ.

Абы иужькIэ зэи Мэшыкъуэ Джатэжь и жылэм къигъэзэжакъым. Зэшхэм я мылъку псори яфIэкIуэдауэ псы хущхъуэхэм и деж къыIукIыжащ.

Удмурт хьэщIэхэр къытхуеблэгъат

ЩIыналъэ куэду зэхэт, лъэпкъыбэу зэдэпсэу ди Урысей Федерацэ къэралышхуэм и къару нэхъыщхьэр абы исхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэ быдэрщ, зэпыщIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэрщ, пщIэмрэ нэмысымрэщ. Лъэпкъхэр гъащIэм и лъэныкъуэ куэдкIэ (экономикэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ, н.къ.) дызэрыщIэрэ дызэчэнджэщыжу, Iуэху зехьэкIэ мардэхэмрэ гупсысэхэмкIэ дызэдэгуашэу дыкъызэрекIуэкIым и щапхъэщ «Адыгэ псалъэм» и редакцэм иджыблагъэ щекIуэкIа зэIущIэ гуапэр. Газетым къытхуеблэгъат Удмурт Республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм и лIыкIуэхэр.

УДМУРТИЕМ и Къэрал Советым Жылагъуэмрэ СМИ-мрэ ядэлэжьэнымкIэ и IэнатIэм и унафэщI Миннигараев Фёдоррэ «Удмурт дунне» республикэ газетым и редактор нэхъыщхьэ, Удмурт Республикэм щIыхь зиIэ и журналист, усакIуэ икIи тхакIуэ цIэрыIуэ Миннигараевэ Еленэрэ яхуэзащ «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ, КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и журналист Жыласэ Заурбэч. Гуапэу икIи купщIафIэу екIуэкIа зэхуэзэм зэлэжьэгъухэм щакуэдт зэжраIэнрэ зытепсэлъыхьынрэ. Сыхьэтым щIигъукIэ екIуэкIэ псалъэмакъым къыщаIэтащ анэдэлъхубзэхэмкIэ (адыгэбзэрэ удмуртыбзэкIэ) къыдэкI лъэпкъ газетхэм я щыIэкIэ-псэукIэхэм, абыхэм къакIуа тхыдэ гъуэгуанэхэм, мы зэманым зэрыт щытыкIэм, зыIэрагъэхьэ ехъулIэныгъэхэмрэ зрихьэлIэ лъэпощхьэпохэмрэ, къэкIуэнум хуаIэ мурадхэмрэ хъуэпсапIэхэмрэ.

Жыласэ Заурбэч хьэщIэхэр гуапэу иригъэблэгъа нэужь, ахэр кIэщIу щыгъуазэ хуищIащ ди республикэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм и зэхэлъыкIэм, зи пашэ зэгухьэныгъэм, газетым я Iуэху зыIутым, къапэщылъ къалэнхэмрэ къэкIуэнум хуаIэ мурадхэмрэ. «Адыгэ псалъэм» къикIуа илъэси 100 гъуэгуанэм хьэщIэхэм щахутепсэлъыхьым, Жыласэм къыхигъэщащ ди республикэм и къэралыбзэхэм язэхэз къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ къыдэкI газетыр ди анэдэлъхубзэм и хъумакIуэу, абы зезыгъэужь, зезыгъэузэщI Iэмэпсымэу зэрыщытыр. АтIэми жиIащ газетыр жылагъуэм щызэбгрыкIыным лъэпощхьэпо гуэрхэри зэрыщыщыIэр, абы и щIэджыкIакIуэхэм я бжыгъэми зэрыхэмыхъуэр, хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэщIиубыдэ къыдэкIыгъуэхэм я нэхъыбапIэр бжыгъэр зи лъабжьэ технологием хуэм-хуэмурэ зэрыхуэкIуэр.

- Апхуэдэ дызыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэм дыщытепсэлъыхьыну, ди Iуэху зехьэкIэ мардэхэмкIэ дызэгуэшэну ди мураду, дызыхуэкIуэ тхьэмахуэм, шыщхьэуIу мазэм и 7 - 8-хэм къриубыдэу, ди республикэм и къалащхьэ Налшык ипэкIэ зэи щымыIауэ япэу щызэхэтынущ Урысей Федерацэм и журналистхэм я «Инфорум» зэхуэсышхуэр. ЩIыналъэ медиазэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я IэщIагъэлIхэм я зэфIэкIым, Iэзагъым нэхъри хэгъэхъуэным хуэгъэпса, федеральнэ мыхьэнэ зиIэ а Iуэхугъуэм хэтынущ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщIхэр, къэралым и хъыбарегъащIэ IэнатIэ нэхъ инхэм, медиаплатформэхэм я пашэхэр, зэгухьэныгъэм щIыналъэхэм щиIэ къудамэхэм я тхьэмадэхэр, журналист цIэрыIуэхэр. Абыхэм ящыщщ УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Соловьёв Владимир, абы и къуэдзэхэу Загитовэ Юлиерэ Шафир Тимуррэ. Ди республикэм фызэрыщыхьэщIэну махуэхэм а зэхуэсыр къриубыдамэ, хуабжьу ди гуапэт абы фыхэтыну, - жиIащ Жыласэм.

Абы къызэрыхигъэщамкIэ, зэхуэсым и утыкухэм щатынущ мастер-классхэр, щагъэлъэгъуэнущ хъыбарегъащIэ IэнатIэм зэрызиужьыпхъэм ехьэлIа я проектыщIэхэр, журналист Iэзэхэм а IэщIагъэм дихьэххэр щагъэгъуэзэнущ абы хэлъ щхьэхуэныгъэхэм, чэнджэщхэмкIи ядэгуэшэнущ. А Iуэхур къызыхуэтыншэу къызэгъэпэщынымкIэ, егъэкIуэкIынымкIэ мы зэманым лэжьыгъэ щхьэпэхэр зэфIах КъБР-м Бжыгъэхэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмкIэ, связымрэ цIыхубэ зэпыщIэныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ (министрыр Бозий Аскэрщ) «КъБР-Медиа» IэнатIэмрэ (унафэщIыр Бежан Беслъэнщ).

А псоми яфIэгъэщIэгъуэну щыгъуазэ зыхуащIа нэужь, «Удмурт дунне»-м и редактор нэхъыщхьэри тепсэлъыхьащ зи пашэ газетым къикIуа тхыдэ гъуэгуанэм.

- Сызипашэ газетым и япэ номерыр 1918 гъэм и жэпуэгъуэм къыдэкIауэ щытащ. «Адыгэ псалъэм» хуэдэу, абыи зыбжанэрэ ихъуэжащ и фIэщыгъэр, лъэхъэнэмрэ къалэнхэмрэ ятещIыхьауэ. Ар къыдэкIащ «Гудыри» («Уафэгъуагъуэ»), «Удмурт коммуна», «Советская Удмуртия» фIэщыгъэхэр иIэу. Иджырей «Удмурт дунне» цIэр газетым игъуэтащ зэхъуэкIыныгъэхэм я зэманым, 1992 гъэм, - жиIащ Миннигараевэ Еленэ. – ЛъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетхэм псоми «къыдэузыр» зыуэ къыщIэкIынущ, Зaурбэч. Зи бжыгъэр мин 40-м щIигъуу къыдэкIыу хуежьа ди газетым и тиражыр мы зэманым 2500-м ныхэрыхьэсу аращ. ЛъэпкъыбзэкIэ тхэ журналистхэри къыдомэщIэкI дэри.

УдмуртыбзэкIэ абы къытохуэ республикэм щекIуэкI жылагъуэ-политикэ гъащIэм, лъэпкъ тхыдэмрэ щэнхабзэмрэ ятеухуа хъыбар хьэлэмэтхэр. Ди газетым хуэдэу, тхыгъэхэр традзэ рубрикэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIэту. Абы щыбгъуэтынущ щIалэгъуалэм, школакIуэхэм, сабийхэм яхуэгъэза напэкIуэцIхэри.

Абы и псалъэм пищэу Миннигараев Фёдор тепсэлъыхьащ я щIыналъэм и хъыбарегъащIэ IэнатIэм къызэщIиубыдэ къыдэкIыгъуэхэм, къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ.

Зэхуэзэм и кIэухыу Жыласэ Заурбэч хьэщIэхэм тыгъэ яхуищIащ «Адыгэ псалъэ» газетыр илъэси 100 щрикъум ирихьэлIэу къыдагъэкIауэ щыта тхылъ купщIафIэр, а махуэщIым хуэщIауэ дунейм къытехьауэ щыта саугъэт цIыкIухэр, фэеплъ бгъэхэIухэр. ХьэщIэхэм къыздащтащ ди газетым и иужьрей къыдэкIыгъуэри.

ЛъэпкъыбзэкIэ къыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу Жыласэ Заурбэчрэ Миннигараевэ Еленэрэ зэгурыIуащ лэжьыгъэр езыгъэфIакIуэ, анэдэлъхубзэхэр адэкIи хъумэным, зегъэужьыным хуэгъэпса я Iуэху зехьэкIэ мардэхэмкIэ, гупсысэхэмкIэ дяпэкIи зэдэгуэшэну, зэрыщIэну.

КЪАРДЭН Маритэ.

Хыв жэмым и тхьэусыхэ

Унагъуищым срахыв жэмщ,
Гъэмахуэм жэмым сахэтщ,
ЩIымахуэм уэрамым сытетщ,
Сашхыну жаIэу къыщызэхэсхым,
Мэзышхуэм щтапIэ сокIуэж.
Мэзыхьэр къугъмэ, сосыс,
Чыцэр къэсысмэ, сыкъоскIэ,
СызэплъэкIыжмэ – си закъуэщ,
КIэзызу щIымахуэр изох.
Тхьэм къехьри, псышхуэ къысщIоуэ,
Щхьэрыхьу гъущапIэм сокIуэж,
Жыбэ и мэкъуэщыр спэблагъэти,
Зызогъэбыхъури, сыдохьэ.
«Хьэхьей!» – жеIэри, сыкърегъажьэ,
Си ужьым кIэщIу къолъадэ.
Удыней жагъуэр къызех,
Дзажэналъихыр къутауэ
Ущу гъущапIэм сокIуэж.
ЩIымахуэр уэсщи – сехуз,
Зызгъэазэмэ, жылэм саукI,
Унагъуищэм срахэхэсу,
Гузасэу гъэри щIыри согъакIуэ.

Хьэрэм и уэрэд

Уэ сыхьэрэ хьэрэ, уо-ро,
Уэ сыхьэрэ гуащэ, уо-ри-ра.
Бысым гуащэфIым, уо-ро,
Зыкъызогъэш, уо-ри-ра.
Быдзышэ хужьыр, уо-ро,
Танэм Iузогъахуэ, уо-ри-ра.
«Танэм Iубгъэхуащ», – жари, уо-ро,
Къамэ къысхурах, уо-ри-ра.
Къамэ къихакIэ, уо-ро,
ПщIантIэм сыкъыдаху, уо-ри-ра.
ЩэхъураджкIэ сокIуэри, уо-ро,
Сыкъыдоувэ, уо-ри-ра.
Лабэ мэшыбэм, уо-ро,
Си щхьэ хызогъэж, уо-ри-ра.
Къаудыгъур къокIуэри, уо-ро
Сыкъыхелъагъуэ, уо-ри-ра.
Алащэ фэкъумкIэ, уо-ро,
Сыкърегъажьэ, уо-ри-ра.
Си ныбжьэгъуфIхэм, уо-ро,
СакъыкIуэцIраху, уо-ри-ра.
Хуэдзым я уэрамым, уо-ро,
Сытреубыдэ, уо-ри-ра.
Чом и быдапIэр, уо-ро,
Сэ Iузегъэчыр, уо-ри-ра.
ЕзмыщIэгъахэр, уо-ро,
Сэ къыстралъхьэ, уо-ри-ра.
Мэш зэтелъхьахэм, уо-ро,
Си нэр къахуокI, уо-ри-ра.
Лъэбжьанэ фIэкIахэм, уо-ро,
Къару къызамыт, уо-ри-ра.
Тхьэм сызэритам, уо-ро,
Сыхуэмыарэзы сэ, уо-ри-да.
Дарыкъуэ Бемырзэр, уо-ро,
Жыжьэу къохъущIэ, уо-ри-да.
Уэ уи хъущIэкIэр, уо-ро,
Зым имыуасэ, уо-ри-да.
МыIэрысейхэр, уо-ро,
ЩIизогъэужэ, уо-ри-да.
Уи хадэжь тIэкIур, уо-ро,
ЛъабжьэкIэ сохьыр, уо-ри-да.
ЩтапIэ къэкIухьыныр, уо-ро,
Сэ сужэгъуащ, уо-ри-да.

Кулэрэ Мылэрэ



ЗэраIуэтэжымкIэ, Кулэрэ Мылэрэ зэшыпхъуитIт, Батырдэгухэ япхъут. Иныкъуэм зэрыжаIэмкIэ, Батырдэгу зэшитIым я шыпхъут. Псори зэрызэтехуэмкIэ, Батырдэгухэ пасэрей адыгэ уэркъыжьу, езыхэр къамышыщIэу щытащ. Ахэр щыпсэуари, Iуэхур щекIуэкIари Бахъсэн псыхъуэрщ.

Кулэрэ Мылэрэ зы анэм къилъхуа, зы унагъуэм щапIа пэтми, я дахагъкIи, я хьэл-щэнкIи, я IэщIагъэкIи зэмыщхьу къэхъуащ. Кулэ куэду цIыхубз зэкIэлъыкIуэ, IэщIагъэфI зиIэ, хъыджэбз дахэ хъуащ. Мылэ IэщIагъи имыIэу, езыри мыдахэу, и хьэлкIи и шыпхъум емыщхьу къэтэджащ.

Кулэ и IэщIагъэмрэ и дахагъэмрэ псынщIэу Къэбэрдей псом яхэIуащ, щауэхэр псори хуэзэпещэ хъуащ. «ЗекIуэ пщIэгъуалэжьхэр зыщагъэпсыр Кулэ дежщ, зекIуэ къикIыж шухэр зыщепсыхыр Кулэ дежщ» щIыжиIэр аращ уэрэдым.

ЩыIа хабзэм тету, пщыхэм къашэр пщыхэм япхъут. Уэркъхэм къашэр уэркъыпхъут. Ауэ къэхъурт пщыхэм уэркъыпхъу дахэ къыщашэ, е пщыхэм япхъу уэркъ зылъэкIхэм щрат. Апхуэдэу, Бахъсэн псыхъуэ дэса ХьэтIохъущокъуэхэ пщышхуэм къахэкIа Адэлджэрий, адыгэхэр «Пщы фIыцIэкIэ» зэджар, уэркъыпхъу Кулэ дахэм ехъуэпсащ. «Кулэм зыкъэбгъазэм умазагъуэт, Кулэм зыбгъэзэжым умазэхэт, Шэ тхъурымбэм хуэдэу ущабэт, пщы Адэлджэрийр а махуэм нэгийт, Мысырыжьым и екIэпцIэр пхъафэ фIыцIэт, пщыжь фIыцIэ ябгэр щхьэщишэт» щIыжиIэр аращ уэрэдым.

ХьэтIохъущокъуэ Адэлджэрийр Кулэм хьэщыкъ хуэхъуа пэтми, Кулэ и шыпхъу нэхъыщIэ Мылэр лIэным хуэдэу Адэлджэрийм ехъуэпсат. А щIыкIэм тету, зэшыпхъуитIым зылI зэпаубыда хъуащ. «Кулэрэ Мылэрэ фызэшыпхъут, фызэшыпхъуитI щхьэкIэ фызэижэгъут» – жеIэ уэрэдым.

Зэгуэрым Кулэр мэракIуэхьэ хъыджэбзхэр и гъусэу губгъуэм кIуауэ, мэракIуэ къищыпу здыхэтым, и бэлътокур имыщIэххэу IэщIэхури кIуэдащ. Абы кIэлъызеплъэу къыкIэлъызыкIухь Адэлджэрий ар илъагъури къищтащ. Бэлътокур езы Кулэ кърита хуэдэу и ныбжьэгъухэм яригъэлъэгъуащ, абыкIэ зыдигъэкIуэн и мураду. Ар Мылэм зэхихащ.

Кулэр езым куэдкIэ къызэрефIэкIым, Адэлджэрийр езы Мылэм къемыплъу Кулэр ишэну зэрыхэтым щхьэкIэ, Мылэр зэгуэпри, и шыпхъум ефыгъуэжри игъэулъиину мурад ищIащ, Кулэр Адэлджэрийм игъэделауэ игъэIуащ.

Батырдэгу зэшхэр лIы ткIийт, я шыпхъум апхуэдэ Iуэху фIейхэр къалъыкъуэкIыу ядэнутэкъым. Апхуэдэ хабзэншагъэ я шыпхъум къыкIэлъызезыхьа щIалэри яукIынут, минрэ ар пщы лъэпкъым къыхэкIауэ щытми. «Сэ сигъэшэншауэ саIуатэ, сэ сызэраIуатэм сытемыткIэрэ си тобэщ» жиIэу Кулэ и къабзагъэмкIэ зиухеижу уэрэдым щIыхилъхьар аращ.

Апхуэдэ псалъэпцIыр Мылэ зэриутIыпщар Адэлджэрий и жагъуэ хъуакъым, Кулэ улъия хъумэ, къыдэкIуэн и гугъэу, ауэ абы и ужькIи Кулэр Адэлджэрийм дэкIуакъым.

ХьэтIохъущокъуэ лIыжь хъуауэ узышхуэ къэхъеям ихьыжащ. Уэрэдым иужькIэ Батырдэгухэ Истамбыл икIыжащ.

Кулэ и уэрэдыр адыгэ уэрэдыжьхэм и псалъэкIи, и макъамэкIи я нэхъ дахэ дыдэхэм, фIыуэ ялъагъухэм ящыщ зыщ. Мыр гъуэгуанэ уэрэду, ар шу гуп хъуми, шу закъуэ хъуми, яжьэдэмыкIыу шу гъуэгурыкIуэхэм пасэм щыгъуэ жаIэу щытащ.

Кулэмрэ Мылэмрэ фызэшыпхъут, си Кулэ!
ФызэшыпхъуитI щхьэкIэрэ фызэижэгъут, Кулэ дахэ!
Кулэм уи лэгъунэр пхъэбгъущхьэт, си Кулэ!
Къэдабэ щхьэнтэм лъапэкIэ утетт, Кулэ дахэ!
ЩIыуэрэ узытетыр уогъэгыз, си Кулэ!
Кулэм уи жьгъырухэр а махуэм лIы къашэт, Кулэ дахэ!
Кулэм зыкъэбгъазэм, умазагъуэт, си Кулэ!
Кулэм зыбгъэзэжым, умазэхэт, Кулэ дахэ!
ЗекIуэлIымрэ зекIуэшымрэ йозэшыр, си Кулэ!
Кулэм уи уэрэд дахэми а махуэм къешэжыр, Кулэ дахэ!
ЗекIуэ пщIэгъуалэжьхэр зыщагъэпсыр Кулэ дежкъэ,
ЗекIуэ къикIыж шухэр зыщепсыхыр Кулэ дежкъэ!
Арыкъыжьмэ и бажэм хуэдэу ужьэгъухут, си Кулэ!
Къумыхужьым и бжьом хуэдэу укIуэкIафIэт, Кулэ дахэ!
Шэ тхъурымбэм ищIыгъэм хуэдэу ущабэт, си Кулэ!
Пщы Адэлджэрийр а махуэм нэгийт, Кулэ дахэ!
Мысырыжьым и екIэпцIэр пхъафэ фIыцIэт, си Кулэ!
Пщыжь фIыцIэжь ябгэри, а махуэм, тхьэщишэт, Кулэ дахэ!
Сэ сигъэшэншауэрэ саIуатэ, си Кулэ!
Сэ сызэраIуатэм сытемыткIэрэ, си тобэщ, Кулэ дахэ!

Туристхэр къызэрыдахьэх Iэмалхэр

ПсынщIэу зэпкърыплъхьэ-зэпкърыпхыж, бгъэIэпхъуэ хъу «модульнэ» хьэщIэщхэм хуэдэхэр ухуэным хуэунэтIа инвестицэ пэхуэщIэхэр ягъэзэщIэн щхьэкIэ къэрал бюджетым къыхэкIыу 2025-2027 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуан 739,1-рэ къыхуаутIыпщынущ. Ди деж къакIуэ туристхэм я бжыгъэм хэгъэхъуа хъуным ари и зы Iэмалщ, жаIащ экспертхэм.

КЪЫХЭДГЪЭЩЫНЩИ, УФ-м и турист IэнатIэр ирагъэфIэкIуэн щхьэкIэ ахъшэ нэхъыбэ зыхуаутIыпщыну щIыналъи 10-м ди республикэр яхыхьащ. Абы ехьэлIауэ лажьэ программэм ипкъ иткIэ, субсидиеу псори зэхэту сом мелард 15 къэралым и щIыналъэ 55-м трагуэшэнущ. Гугъэ щыIэщ апхуэдэ щIыкIэкIэ хьэщIэщхэм гъуэлъыпIэ мини 10-м щIигъу зыщIэхуэн иджыри къащыхузэгъэпэщыну.

Унафэм иджыблагъэ Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил.

Субсидиер зратыну щIыналъэхэр къызэрыхах зэхьэзэхуэр езыгъэкIуэкIар, инвестицэ пэхуэщIэхэм хэплъар Урысей Федерацэм Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэрщ. Абы зэрыщыжаIамкIэ, къэрал дэIэпыкъуныгъэм кърикIуэу капитальнэ ухуэныгъэу щымыт «модульнэ» хьэщIэщхэр къэщэхунымрэ ахэр щагъэувкIэ трагъэкIуэдэнумрэ и Iыхьэ гуэрхэр хьэрычэтыщIэхэм иратыжынущ е ахъшэкIэ абыхэм зыщIагъэкъуэнущ.

Зи гугъу тщIы лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкI «Туризмэмрэ хьэщIагъэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэщIэм хыхьэ «ХьэщIэщхэм я пэш бжыгъэм хэгъэхъуэн, инфраструктурэм зегъэужьын, цIыхухэр дэзыхьэх щIыпIэхэр къызэгъэпэщын» къэрал пэхуэщIэм ипкъ иткIэ.

Урысей Федерацэм и Правительствэм и УнафэщIым иджы иригъэкIуэкIа зэIущIэм щыжиIащ иужьрей илъэсищым къриубыдэу а Iуэхухэм щхьэкIэ УФ-м и щIыналъэхэм ящыщу 65-м сом мелард 20 зэрыратар, абы и фIыгъэкIи, гъуэлъыпIэу мин I3-м щIигъукIэ нэхъыбэ хьэщIэщхэм яIэ зэрыхъуар.

«Мыпхуэдэ пэхуэщIэхэр гъэзэщIэным хухаха пIалъэм фIамыгъэкIыу, фIагъ лъагэ яIэу лэжьыгъэхэр ирагъэкIуэкIыныр, иджырей мардэм къитIасэу ахэр щытыныр, цIыхухэм я шынагъуэншагъэмрэ тыншыпIэмрэ къызэгъэпэщыныр мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ», - къыхигъэщащ Мишустин Михаил.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

• Дифl догъэлъапlэ

Дызэрыгушхуэ адыгэлI нэс, щIэныгъэлI щыпкъэ

Хьэмыз Руслан и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу

Зи лэжьыгъэхэмкIэ дуней псом къыщацIыху еджагъэшхуэ, химие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Урысейм щIэныгъэхэмкIэ и академием (РАН) и член-корреспондент, Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым, Вернадский В. И. и цIэр зезыхьэм, и унафэщI, «Радий» щIэныгъэ-производственнэ IуэхущIапIэ» АО-м и унафэщIхэм я советым хэт Хьэмыз Руслан Хьэжсет и къуэм и ныбжьыр илъэс 70 ирокъу.

ХЬЭМЫЗЫР КъБАССР-м хыхьэ Дзэлыкъуэ щIыналъэм щыщ Къармэхьэблэ къуажэм 1955 гъэм шыщхьэуIум и 3-м къыщалъхуащ. Ар гъунэгъуу зыцIыхухэм жаIэфынущ щIэныгъэлI, къэхутакIуэ нэс зэрыхъунур, и нэщэнэхэр дэплъагъуу, гуманитар щIэныгъэм и хъуаскIи хэлъу щысабийми зэрыщытар. Иужьк1э ар наIуэ щыхъуащ и химик-органик IэщIагъэ нэхъыщхьэми, усакIуэ-зэдзэкIакIуэ IэкIуэлъакIуэу зыкъыщигъэлъэгъуа литературэми. Фэ езыр фегупсысыт: мазэ пщыкIуз фIэкIа мыхъуу зекIуащ ар, гущэм хэлъу псэлъащ. Зэрыпсэлъари дапхуэдэу: лъакъуэкIэ щIимыупскIэу IэкIэ щIиупскIэну унафэ зыхуищIа хьэщIэ цIыхубзыр шэнтым къехуэхыным зымащIэщ иIэжар! АпхуэдизкIэ набдзэгубдзаплъэт, щIэныгъэм хуэнэхъуеиншэти, илъэсих ныбжьым къыщыщIэдзауэ абы щIиджыкIащ унэ библиотекэ иным хэлъ тхылъ куэд. Зыгъэпсэхугъуэ мазэхэм абы щIипщытыкIырт учебниккхэр, еджапIэм щIэтIысхьэжмэ зэджэнухэр фIэгъэщIэгъуэнти.

Руслан зыщышынэр зыт: ин хъуурэ школыр къиухыху, фIыуэ илъагъу химием ехьэлIа псори къахутэу езым зыри къыхуэмынэнырт. Я сабийм далъагъу зэфIэкIым адэ-анэр иригуфIэнрэ иригузэвэнрэ ящIэртэкъым, иджыпсту къагъэсэбэп «вундеркинд» псалъэр абы щыгъуэ къагъэсэбэпыртэкъым. И лъым хэлъу куэд къызэрыдалъхуам шэч хэлъкъым Руслан. Дзэлыкъуэ районым щыщу есэпымкIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ япэу зэзыгъэгъуэтахэм языхэзт абы и адэ Хьэжсет. Руслан и адэм и адэшхуэр къуажэ зэхуэсым псори зэдэарэзыуэ щыхахауэ къуажэ старшинауэ лэжьащ, и анэм и адэшхуэр къурIэным хуеджа щIэныгъэлIу, Истамбыл илъэсипщIкIэ щыпсэуауэ, абы щIэныгъэ нэхъыщхьэ щызригъэгъуэтауэ щытащ, бзибл уэр-сэру ищIэрт.

Курыт еджапIэр 1972 гъэм дыщэ медалкIэ, Ломоносов М. В. и цIэр зэрихьэу Москва дэт къэрал университетым и химие факультетыр 1977 гъэм диплом плъыжькIэ къиухащ Руслан. Абдежым къыщежьащ ди щхьэр лъагэу дэзыгъэлъагъуж щIэныгъэлI щыпкъэм, зи лъахэри къызыхэкIа лъэпкъри фIыуэ зылъагъу адыгэлI нэсым и гъащIэ гъуэгуанэ бгъуфIэр. ХимиемкIэ зыхэта республикэ, союз псо зэхьэзэхуэхэм сыт щыгъуи увыпIэфIхэр къыщихьащ, иужькIэ зыщIэтIысхьа университетым и ещанэ курсым щегъэжьауэ къэхутэныгъэ гъэщIэгъуэнхэр иригъэкIуэкIащ, жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру хэтащ, аспирантурэр ехъулIэныгъэкIэ къиухащ, кандидат, доктор диссертацэхэр гъуэзэджэу пхигъэкIащ. РАН-м и IуэхущIапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зы, Геохимиемрэ аналитикэ химиемкIэ институтым, Вернадскэм и цIэр зезыхьэм, и щIэныгъэ лэжьакIуэ нэхъыщIэу лэжьэн щIидзэри, абы и унафэщI къулыкъум нэсащ.

Абы и Iэдакъэ къыщIэкIащ щIэныгъэ лэжьыгъэ 200-м щIигъу, США-м и закъуэ абы къыщыдигъэкIащ монографиеу 10. Къыхилъхьа IуэхугъуэщIэхэм папщIэ, и закъуэуи нэгъуэщI щIэныгъэлIхэм я гъусэуи патент 50 иIэщ, США-м, Европей къэралхэм, Япониемрэ Израилымрэ къыщратахэри яхэту. Зи цIэ къитIуа къэралхэми, нэгъуэщI щIыналъэхэми Руслан щиIэщ и къэхутэныгъэ лабораторэхэр. ЮНЕСКО-м «ПсэукIэр къызэзыгъэпэщ Iэмалхэр» и махуэгъэпсыр щагъэхьэзырым Хьэмызыр ирагъэблагъэри, а лэжьыгъэр зэпэщу дунейм къытехьэным абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ. И гуащIэм къыпэкIуэу мызэмытIэу ягъэлъэпIащ щIэныгъэлIыр, абы дунейпсо, урысей дамыгъэхэр, щIыхь тхылъхэр иIэщ.

Хьэмыз Руслан ящыщщ физическэ химие щIэныгъэмкIэ, пкъыгъуэхэр зэкIэщIэхынымрэ Iуву зехьэнымрэ лъабжьэ яхуэхъу Iуэхугъуэхэр (зыщIэшэнымрэ налъэкIэ зэхъуэжэнымрэ) джынымкIэ, ахэр гъэлэжьэнымкIэ дунейм щынэхъ цIэрыIуэ щIэныгъэлI пэрытхэм. Хьэмызым иригъэкIуэкIа къэхутэныгъэ купщIафIэхэм кърикIуахэм Iэмал къат химие технологием IэмалыщIэхэр къыщызэIуахынымкIэ, псалъэм папщIэ, XXI лIэщIыгъуэм къэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщ зым - щIыуэпсым емыгуауэ икIи хэщIыныгъэ къэзымыт лэжьэкIэр и лъабжьэу зэтеухуауэ, тенджызыпсыр гъэкъэбзэным, псы къабзэрэ цIыхум къигъэсэбэп хъуну нэгъуэщI пкъыгъуэ лъапIэхэмрэ абы къыхэхыным - хуэунэтIа лэжьыгъэхэр зэтеублэнымкIэ. ЩIэныгъэлIым и къэхутэныгъэхэр я тегъэщIапIэу Урысейм мы зэманым щаухуэ ткIуэпс зырызурэ псыр къэкIыгъэхэм щыщIагъэхьэкIэ къагъэсэбэп хъуну, фейдэшхуэ къэзыт щIыгъэпшэрхэр къыщIэзыгъэкIыну япэ заводыр. Апхуэдэ щIыгъэпшэрхэр иджыпстукIэ Европэ зэгухьэныгъэм хыхьэ къэралхэм кърашу араш.

Хьэмызыр къэралым и аттестационнэ комиссэ нэхъыщхьэм (ВАК) химие технологиемкIэ и къэпщытакIуэ советым, Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием аналитикэ химиемкIэ и ЩIэныгъэ Советым хэтщ, РАН-м и ЩIэныгъэ советым физическэ химиемкIэ и унафэщIым и къуэдзэщ, РАН-мрэ Ломоносов М. В. и цIэр зезыхьэ МКъУ-мрэ я щIэныгъэ, диссертацэ советхэми щIэныгъэ журнал зыбжанэми я редколлегиехэм ядолажьэ. Абы «Eureka» Европей щIэныгъэ зэгухьэныгъэм и дыщэ медалыр къыхуагъэфэщащ.

Хьэмыз Руслан зыцIыхухэр щыхьэт техъуэфынущ абы щIэнгъуазэ щIэныгъэ зэрыбгъэдэлъым, зэрыжьакIуэм, цIыхур сыт и лъэныкъуэкIи зэрызэхищIыкIым, гушыIэ дахэ зэрыхэлъым, ныбжьэгъугъэр зэригъэлъапIэм, жиIам зэрытебгъуэтэжым. А и хьэлыфIхэм я фIыщIэщ пщIэ къызэрыхуащIыр, къыдэлажьэхэмрэ и ныбжьэгъухэмрэ, къыфIэлIыкI къудей мыхъуу, фIыуэ къызэралъагъур.

Иужьрей зэманхэм Руслан дахьэхащ лъэпкъ щэнхабзэм и Iуэхугъуэхэм, зэрыцIыкIу лъандэрэ фIэгъэщIэгъуэн адыгэбзэм и щэхухэм. И лэжьыгъэ нэхъыщхьэм зыкIи зэран хуимыгъэхъуу, абы адыгэбзэм къригъэтIэсащ Хэку зауэшхуэм и зэманым яуса урыс уэрэд цIэрыIуэхэм ящыщ зыбжанэ («Катюша», «Синий платочек», «В землянке», «Лизавета», «Вот кто-то с горочки спустился», «Враги сожгли родную хату», «В лесу прифронтовом», «Эх, дороги» жыхуиIэхэр), Пушкин Александр усэу гъэпса и «Евгений Онегин» романыр, Лермонтов Михаил и «Беглец» поэмэр. А лэжьыгъэхэр бзэм хэзыщIыкIхэм къалъытащ лъэпкъ щэнхабзэм и хэлъхьэныгъэшхуэу. А лэжьыгъэхэр къызыпкърыкIар Руслан бзэр кууэ зэрищIэм и закъуэкъым. Макъамэм къыщыщIэдзауэ диным нэсыжу, тхыдэмрэ философиемрэ щегъэжьауэ политологием щыщIэкIыжу абы зыхимыщIыкI къэгъуэтыгъуейщ. Зэрыхуейм хуэдизрэ къыздэмыкIуэжыф и Хэку цIыкIум хуиIэ лъагъуныгъэр къапкърокI и къуэпсхэм, и псэм хэлъым химыхыну и бзэм. Иужь илъэсхэм адыгэбзэм гулъытэ хэха хуещI Руслан, сыту жыпIэмэ нэгъуэщI къэралыбзэхэр фIыуэ пщIэуэ ууейм зыгуэрурэ урипсэлъэн къудейр емыкIуу къелъытэ.

И унагъуэр щIыгъуу Москва щыпсэуми, дуней псор къызэхикIухьами, Руслан псоми зэдай адыгэ щIалэщ, хэт къемыупщIми зыщыщу яжриIэри къыщалъхуа и Къармэхьэблэ жылэжьырщ. КъызыхэкIа адыгэ лъэпкъым и блэкIам, и нобэм, и хабзэм, и лъахэм, и щIыуэпсым пщIэ хуэзыщI Хьэмыз Руслан ехъулIэныгъэ иIэну, и унагъуэм хуэузыншэну, дигъэину, дигъэгушхуэу илъэс куэдкIэ ди япэ итыну дыхуохъуахъуэ.

ИСТЭПАН Залинэ.

• Футбол

Зы мащIэщ яхуримыкъужар

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Кубань-Холдинг» (Павловскэ) - 1:1 (0:0). Налшык. «Спартак» республикэ стадион. ШыщхьэуIум и 2-м. ЦIыху 350-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Газиев (Кисловодск), Бирюков (Дон Iус Ростов), Борисов (Москва).

«Спартак-Налшык»: Каркаев, Кенжев (Хьэшыр, 74), Балъкъыз, Гъуэгузокъуэ, Пириев, КIэдыкIуей, Блий, Пекъу, Дзыгул (Кумыщ, 74), Лысенкэ, ЛIуп (КIэщт, 54).

«Кубань-Холдинг»: Степякин, Гречкин, Захаров, Дашаев (Гараев, 69), Михайлов (Смирнов, 78), Карташов, Уэрэзей (Тагиев, 69), Переверзев (Сапожников, 46), Фадеев, Попов (Веселовский, 69), Дмитриев.

Топхэр дагъэкIащ: КIэщтым, 64 (1:0). Сапожниковым, 81 (1:1).

Дагъуэ къыхуащIащ: Гречкиным, Пекъум, Поповым, Уэрэзейм, КIэщтым, КIэдыкIуейм, Дзыгулым, Блийм.

Джэгум къыхахуащ: КIэщтыр (82-нэ дакъикъэм).

ПАВЛОВСКЭМ щыщ «Кубань-Холдинг»-р Налшык къэкIуат Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щекIуэкI зэхьэзэхуэм щыпашэ «Динамо-Ставрополь»-р хигъэщIарэ езыр ещанэ увыпIэм нэс турнир таблицэм къыщыдэкIуэтеяуэ. Тхьэмахуэ ипэкIэ Сочэ къикIахэм щадэджэгуам и кIэухым «Спартак-Налшыкым» и футболистхэм лъэщу зыкъызэрызэкъуахами гугъэфIхэр дигъэщIыртт. А IуэхугъуитIыр зэрызэхыхьэжам икъукIэ зэIущIэ хьэлэмэт къытпигъаплъэрт.

Гугъэхэм дыкъагъэпцIакъым. Джэгум зэрыщIидзэу налшыкдэсхэр къаруушхуэкIэ ебгъэрыкIуэу хуежьащ. Абыхэм загъэхьэзыртэкъым я хьэрхуэрэгъухэм зыкIи къапикIуэтыну. Уеблэмэ, щIэхщIэхыурэ къыпщыхъурт зэхьэзэхуэм щыпашэхэм яхэтыр ди щIалэхэрауэ, къапэщIэтыр апхуэдизкIэ хагъэзыхьырти.

Апуэдэу щыт пэтми, «Спартак-Налшыкым» бжыгъэр къыщызэIуихыфар сыхьэтым щIигъукIэ ныкъуэкъуа иужькIэщ. ДжэгупIэ губгъуэм къызэрихьэрэ куэд мыщIа КIэщт Анзор къыдэджэгухэм и закъуэу «Кубань-Холдинг»-м и гъуэм хуэкIуэну Iэмал иратащ. КъыпэщIэува Дашаев Аслъэн (зэгуэрым ехъулIэныгъэхэр иIэу ди командэм хэтар), цIантхъуэри джэлати, адэкIэ ди гъуащхьауэм къыхуэнэжыр гъуащхьэтетым ефIэкIыныртт. Ар Анзор къехъулIащ.

Зыкъом щIауэ дызыпэплъа текIуэныгъэр тIэщIихащ хьэщIэхэм я гъуащхьауэ Сапожников Ионафан. 81-нэ дакъикъэм ар мылъэщ дыдэу, ауэ хуэзэу зэуа топым къригъэгъэзэфакъым а махуэм ди гъуэр зыхъума Каркаев Хъусей.

ТекIуэныгъэр зэраIэщIэкIым ди щIалэхэр хуабжьу игъэгубжьащ. Армырамэ, дауэ къызэрыбгурыIуэнур ебгъэрыкIуэ КIэщтым «Кубань-Холдинг»-м и гъуэм пэмыжыжьэу хьэщIэхэм я гъуащхьэхъумэхэм ящыщ зы футбол хабзэм къемызэгъыу зэрыриудар. Кисловодск щыщ Газиев Ислъам абы дагъуэ хуищIащ икIи, мы зэIущIэм ар щыетIуанэу къыщIэкIри, джэгум къыхихуащ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ КIэщт Анзор сыт и лъэныкъуэкIи а махуэм гулъытэ игъуэтащ: дагъуэ къыхуащIащ, топ дигъэкIащ, джэгум къыхахуащ.

Арати, икъукIэ зыпэгъунэгъуа текIуэныгъэм аргуэру «Спартак-Налшыкыр» хэкIыжащ. Абы щыгъуэми топджэгум еплъахэм икъукIэ ягу ирихьащ ди щIалэхэр тегушхуауэ утыку зэритам. Абы тетмэ, ехъулIэныгъэхэри зэрыщыIэнум шэч хэлъкъым.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым щэбэтым щекIуэкIа зэIущIэ псоми къарикIуа бжыгъэхэм: **«Динамо-2»** (Мэхъэчкъалэ) - **«Динамо Ставрополь»** (Ставрополь) - **0:2**, **«Победа»** (Хасавюрт) - **«Ростов-2»** (Дон Iус Ростов) - **1:0**, **«Нарт»** (Черкесск) - **«Рубин»** (Ялтэ) - **2:0**, **«Сочи-2»** (Сочэ) - **«Легион»** (Мэхъэчкъалэ) - **2:2**, **«Севастополь»** (Севастополь) - **«Ангушт»** (Нэзрэн) - **2:0**, **«Дружба»** (Мейкъуапэ) - **«Астрахань»** (Астрахань) - **1:1**.

ШыщхьэуIум и 9-м къыкIэлъыкIуэ джэгугъуэр зэхэтынущ. А махуэм «Спартак-Налшыкыр» Хасавюрт къалэм щыIущIэнущ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъ «Победа»-м.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Победа»	**20**	**13**	**2**	**5**	**27-17**	**41**
2. «Севастополь»	**20**	**11**	**6**	**3**	**33-25**	**39**
3. «Динамо Ставрополь»	**20**	**11**	**5**	**4**	**31-21**	**38**
4. «Кубань Холдинг»	**20**	**9**	**9**	**2**	**35-19**	**36**
5. «Ростов-2»	**20**	**10**	**4**	**6**	**27-18**	**34**
6. «Астрахань»	**20**	**7**	**8**	**5**	**30-20**	**29**
7. «Нарт»	20	8	5	7	27-18	29
8. «Сочи-2»	20	7	7	6	28-24	28
9. «Дружба»	20	7	6	7	29-22	27
10. «Рубин»	19	7	4	8	17-20	25
11. «Легион»	20	6	6	8	21-28	24
12. «Ангушт»	20	3	5	12	12-27	14
13. «Спартак-Налшык»	**20**	**3**	**5**	**12**	**16-35**	**14**
14. «Динамо-2»	19	0	2	17	9-48	2

Лъэхъэнэр зэхуащIыж

• Театр

Щоджэнцlыкlу Алий и цlэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щызэхуащlыжащ 88-нэ театр лъэхъэнэр.

ЛЪЭПКЪ театрым и репертуарым иджыпсту лэжьыгъэ 30 къызэщlеубыдэ. Абы хохьэ балигъхэми сабийхэми яхуэгъэза лъэпкъ, классикэ, иджырей драматургием щыщ спектаклхэр. Кlэух концертым хыхьэу ягъэлъэгъуащ щlэупщlэ нэхъ зиlэ теплъэгъуэхэм щыщ пычыгъуэхэр. Ар къызэрагъэпэщащ 88-нэ лъэхъэнэр зэриухым ирихьэлlэу. Хабзэ зэрыхъуауэ, концертыр театр бжэlупэм уджкlэ щызэхуащlыжащ.

Театрым иджыпсту цlыху 40 щолажьэ. Абыхэм ящыщщ Урысейм, Къэбэрдей-Балъкъэр, Адыгэ, Ингуш республикэхэм щlыхь зиlэ я артистхэр. Спектаклхэм зэгурыlуэу щоджэгу нэхъыжьхэри щlалэгъуалэри.

Театр лъэхъэнэр зэхуащlыжын ипэ абы щагъэува концертым зригъэхьэлlащ Истамбыл къикlауэ ди республикэм щыхьэщlэ Мельгош Юксель. Хэкужьым ар иджы етlуанэу къокlуэри, лъэпкъ театрым фlэфlу макlуэ.

Апхуэдэу, Горький Максим и цlэр зезыхьэ Урыс къэрал драмэ театрми и 88-нэ лъэхъэнэр щызэхуащlыжащ. Театрыр фlыуэ зылъагъу сабийхэри балигъхэри зэхуишэсащ абы бадзэуэгъуэм и 30-м щагъэлъэгъуа, Дежуров Арсений урыс цlыхубэ таурыхъым къытрищlыкlа «Царевна-лягушка» спектаклыщlэм.

- Зэрысабийрэ псоми ящlэ таурыхъым лъабжьэ хуэхъуащ пэжыгъэр, шыlэр, гъэгъуныр, хъуэпсапlэм ерыщу хуэкlуэныр. Абы театреплъхэр къыхуреджэ и теплъэмкlэ цlыхур фlырэ lейкlэ зэхамыгъэкlыну, атlэ дэтхэнэми фlагъи щыуагъи зэрыбгъэдэлъыр къалъытэну, - жеlэ лэжьыгъэм и режиссёр, КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ Толстовэ Еленэ. - Сюжетыр сабийхэри балигъхэри дэзыхьэхщ. Арщ театреплъхэм ар гъэщlэгъуэн щlащыхъури. Цlыхум и увыпlэ гъащlэм къызэрыщигъуэтыжым теухуащ мы таурыхъыр. Лэжьыгъэм артист тlощlым щlигъу щоджэгу. Роль нэхъыщхьэхэр Толстовэ Марие, Сторожевэ Анастасие, Нэгъуей Заур сымэ ягъэзащlэ. Утыкури артистхэм я фэилъхьэгъуэхэри художник Дэцырхъуей Рузанэ къызыхуэтыншэу игъэхьэзыращ.

Гъэмахуэ зыгъэпсэхуакlуэ кlуа театрхэм я артистхэр фокlадэм я лэжьыгъэм пэрыхьэжынущ. Театреплъхэм фlыуэ ялъэгъуа спектаклхэри лэжьыгъэщlэхэри бжьыхьэм утыку кърахьэнущ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

ЩIыхьыцIэр къихьыну хущIокъу

Налшык къалэр хущIокъу Щэнхабзэ къалащхьэ щIыхьыцIэр 2027 гъэм зыхуагъэфэщэнухэм ящыщ хъуным.

«ИЛЪЭСЫМ и щэнхабзэ къалащхьэ» зэпеуэр йокIуэкI щэнхабзэ жэрдэмхэмкIэ Президентым и фондыр и дэIэпыкъуэгъуу. Хабзэ хъуауэ, гъэ къэс а цIэ лъапIэр Урысей Федерацэм и къалэхэм ящыщ зым ират. Зэпеуэм пашэ щыхъуну къалэм социальнэ, экономикэ, щэнхабзэ, нэгъуэщI лъэныкъуэхэмкIэ и зэфIэкIхэр къэралым щигъэлъэгъуэну икIи нэхъри зригъэужьыну Iэмал иIэнущ. Абы туристхэмрэ хьэрычэтыщIхэмрэ щIыналъэм нэхъри къришэлIэнущ.

Зэпеуэм и къэпщытакIуэхэм къалэ нэхъыфIыр къыхахынущ 2027 гъэм и щэнхабзэ къалащхьэ щIыхьыцIэм хущIэкъухэм хэплъа нэужь. Къалэ 26-рэ зыхэт зэпеуэр Iыхьитху зэщхьэщыхауэ щытынущ. Япэ Iыхьэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа нэужь, къалэ нэхъыфIу 8 къыхахынущ. Абыхэм я зэфIэкIхэр етIуанэ Iыхьэм щагъэлъэгъуэнущ. Мы гъэм и шыщхьэуIу мазэм хэIущIыIу хъунущ къалэ нэхъыфIхэр.

Къалэ нэхъыфIхэр къыщыхахкIэ, къэпщытакIуэ гупым къалъытэнущ къэрал IуэхутхьэбзэхэрщыхуащIэ гуэдзэным - госуслуги жыхуиIэм щрагъэкIуэкI IэIэтым кърикIуахэр. Урысейм щыпсэу, госуслуги гуэдзэным зыщезыгъэтха дэтхэнэ зыри цIыхубэ IэIэтым хэт хъунущ. КъэпщытакIуэхэм къалэ нэхъыфIыр къыщыхахкIэ къалъытэнущ щIыналъэм и щэнхабзэ и лъэныкъуэкIэ и Iуэху зыIутыр цIыхухэм я жыджэрагъыр, щIыпIэм туристхэм я деж щиIэ щIэупщIэр. ЦIыхубэ IэIэтым кърикIуамрэ щIыналъэм исхэм я жыджэрагъымрэ я фIыгъэкIэ, иджыри балл 50 къэпщытакIуэхэм хущIагъунущ. КъищынэмыщIауэ, «ЦIыхубэ IэIэтым» щытекIуэнур щхьэхуэу ягъэлъэпIэнущ.

ЩIыналъэм исхэм зыфхудогъазэ ди республикэм и къалащхьэм папщIэ къэрал IуэхутхьэбзэхэрщыхуащIэ гуэдзэнымкIэ Iэ фIэтыну.

БЖЬЫХЬЭЛI Розэ.

• Гупсысэр - псалъэкIэ

Мазэм ихъумэр

Уи сурэтыр мазэм щхьэ къищрэ?! Уи уэрэдыр жыбгъэм щхьэ жиIэрэ?! Уи гум илъ щэхухэр зыхъумэ вагъуэри сыту лъагэу къеплъыхрэ!..

Мазэр жэщым къыхоплъэ... Аргуэру сурэтым соплъыр... Вагъуэхэр уджым щыхыхьэкIэ, мазэр уафэбгъум щозагъэ. Вагъуэхэр зэщIэпщIыпщIэу зэдоуджри, ар егъэщIагъуэ. Уджым хэмыхьэр мазэм и закъуэщ... Уи закъуэщ... Щыму уахоплъэ вагъуэхэм... Дэтхэнэми и лыдыкIэм уэ гупсысэ къыпщIедз... Уи нурыр зытепсэ вагъуэхэм уафэм щыгъэу зрапхъэ. Нэхъри лъагэу заIэтри, уэгуми зыхуаший... Уэгум! Насып щыхадыкIыр абдежырщ!..

Щэхущ... Уи щэхур жэщым и нэхущ... Жьым кърихьэкI хьэуа къабзэр пщэдджыжьыпэм ныхехьэри, щIыгу сабырам щоуэршэр. Удзыпэ щхъуантIэхэм уэсэпсу ятелъыр зэдегъэтхытх, псы ешкIурэхым щабэу жьэхоуэри, ткIуэпсхэр мэлъей... Уафэм кърих фIэхъусыр щIылъэм трегуэшэж жыым...

Мазэм ихъума уэсэпс къабзэр ар зыхъуэжа пщэдджыжь дыгъэм полыдри... насыпым IуощIэ. ПIалъэр мащIэIуэт... IэфIыIуэт. Дыгъэм уэсэпсыр ирееф. Лыдыжкъым... Жьыбгъэм кърихьэжьа щэхур уафэмрэ щIылъэмрэ я кум насып хъуэпскIыу докIуэсыкIыж.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ЩIыналъэхэм я зэпеуэм макIуэ

«ЩIыналъэхэм я зэхэуэ-2025» фIэщыгъэр зэрихьэу футболымкIэ къызэрыхах зэхьэзэхуэ Шэджэм районым щекIуэкIащ. Илъэс ещанэ хъуауэ ар къызэрагъэпэщ КъБР-м ЩIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м щыщу футболым дихьэххэм я лигэмрэ.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ хэтахэр командибл хъурт икIи абыхэм ящыщу «Шэджэм» топджэгу гупыр кIэух зэIущIэм икIащ икIи Iэмал иIэ хъуащ мы гъэм шыщхьэуIум и 30 - 31-хэм Налшык къалэм щекIуэкIыну республикэ зэпеуэм и зэфIэкIхэр щигъэлъэгъуэну.

Апхуэдэ зэхьэзэхуэ иджыри щекIуэкIащ Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Каменномост къуажэм дэт «Заря» стадионым. Мыбдежым щызэхьэзэхуащ районым и команди 8. Япэ увыпIэр абы къыщихьащ хэгъэрейхэм я «Стоунбридж» командэм. Дзэлыкъуэ щIыналъэм и щIыхьыр иIэту ари хэтынущ Налшык къалэм щекIуэкIыну республикэ зэхьэзэхуэм.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщl-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьэнымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щlыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.290
Заказыр №1659
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъымкlэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр lэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:
жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* Пхытlыкl Марие *(1, 4-нэ нап.)*, Нэужьокъуэ Заирэ *(2, 3-нэ нап.)*.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым lэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.